Лъэпкъым и къэкIуэнур елъытащ къыщIэувэ щIэблэм

2 -нэ нап.

IэщIагъэмрэ цIыхугъэмрэ зэгъусэу

3-нэ нап.

ЩIэщыгъуэт икIи гухэхъуэт

4-нэ нап.

Руслан и текIуэныгъэмкIэ щIегъэбыдэ

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№55 (24.961) • 2026 гъэм накъыгъэм (майм) и 7, махуэку • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

Зэкъуэшхэр нэхъри зэкъуоувэ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек IущIащ Абхъаз Республикэм ЩIалэгъуалэм я Iуэхухэмрэ спортымкIэ и къэрал комитетым и унафэщI Хагбэ Тарас. Ар хэтщ мы махуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щекIуэкI Урысей-Абхъаз щIалэгъуалэ зэхуэсым.

«НЭХЪ пасэу Сыхъум щекIуэкIа дунейпсо экономикэ форумымрэ Минводы щызэхэта Кавказ инвестицэ зэхуэсышхуэмрэ Iэ зыщытеддза зэгурыIуэныгъэхэм япкъ иткIэ социально-экономикэ IэнатIэхэм дызэрыщызэдэлэжьэнум и гугъу тщIащ. Гулъытэ хэха хуэтщIащ щIалэгъуалэ политикэр пхыгъэкIыным, зэныбжьэгъугъэм, зэгъунэгъугъэм я хабзэхэр гъэбыдэным.

Шэч хэмылъу, мыхьэнэшхуэ зиIэщ псапащIэ Iуэхухэри.

Хагбэ Тараси Абхъазым и адрей лIыкIуэхэми фIыщIэ яхуэсщIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым къызэрыкIуам папщIэ. Дэ долъагъу ди щIалэгъуалэм зэщхьу хьэл куэд зэрахэлъыр, Хэку, унагъуэ, щIыхь, ныбжьэгъугъэ, нэхъыжьхэм пщIэ яхуэщIын, тхыдэм хуэпэжын я лъэныкъуэкIэ зы Iуэху еплъыкIэщ абыхэм яIэр.

Абхъазым и Президент Гунбэ Бадрэ щхьэхуэу фIыщIэ хузощI апхуэдэу дызэрызэпыщIам, зэIухауэ дызэрызэхущытым папщIэ. Шэч къытесхьэркъым зэгъусэу дызэлэжь проектхэм ехъулIэныгъэхэр къазэрыдэкIуэнум, къызэрытхуэщхьэпэнум», - КIуэкIуэ Казбек зэIущIэм щытепсэлъыхьыжым апхуэдэу щитхащ Максым щиIэ напэкIуэцIым.

Унагъуэ 38-рэ ягъэгуфIэ

КъБР-м и Правительствэм и Унэм дыгъуасэ Iуэху гуапэ щызэхэтащ - республикэм щыщ сабий зеиншэхэм, адэ-анэм я кIэлъыплъыныгъэм щIэмыту къэна сабийхэм иратащ фэтэр 38-м я IункIыбзэIуххэр е псэупIэ къызэращэхуну мылъку зэрыхухахым и щыхьэт тхылъхэр. ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек, УФ-м СледствэмкIэ и комитетым СледствэмкIэ и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ Фишман Андрей.

- КЪЫХЭЗГЪЭЩЫНЦИ, сабий зеиншэхэмрэ адэ-анэм я нэIэ щIэмыту къэнахэмрэ псэупIэ къахуэщэхуным тедгъэкIуадэ мылъкум хэпщIыкIыу хэдгъэхъуащ. Бюджетым къыхэкIыу а Iуэхум 2026 - 2028 гъэхэм тедгъэкIуэдэну хухэтхащ сом мелуан 995,8-рэ, абы щыщу мы гъэм сом мелуан 442,7-рэ къэдгъэсэбэпынущ. Псори зэхэту мы гъэм псэупIэкIэ къызэдгъэпэщыну ди мурадщ цIыхуи 192-рэ нэхърэ мынэхъ мащIэ.

А къалэныр зэфIэгъэкIыныр нэхъ тынш тщIын икIи нэхъ щIэдгъэпсынщIэн папщIэ илъэс кIуам и щэкIуэгъуэ мазэ лъандэрэ республикэм щедгъэжьащ псэупIэ къызэращэхун мылъкум и щыхьэт тхылъхэр етту. Абы и фIыгъэкIэ, мы илъэсым и пэщIэдзэм щегъэжьауэ сабий зеиншэхэм, адэ-анэм я кIэлъыплъыныгъэм щIэмыту къэнахэм ящыщу цIыху 58-м псэупIэхэр къащэхуфащ.

ПсэупIэ къэщэхуным хуэгъэпса а программэр къанэ щIагъуэ щымыIэу догъэзащIэ республикэ бюджетым и хьэкъкIэ.

Программэм хэтхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и дэнэ щIыпIи езыхэм къыщыхахыжыфынущ зыхуей фэтэрыр е унэр. КъимыдэкIэ, псэупIэ къащэхунымкIэ щIыналъэм щат щыхьэт тхылъыр къыIих хъунущ илъэс 18 ирикъуам, нэхъапэм, хабзэм къызэригъэувым тету, апхуэдэ хуитыныгъэ зиIэу щытар илъэс 23-рэ ирикъуахэрт, - щыжиIащ КIуэкIуэ Казбек зэIущIэм.

Республикэм и Iэтащхьэм унэщIэ зиIэ хъуахэм ехъуэхъуащ зэIузэпэщу, я унагъуэхэр зыхуей хуэзэу псэуну, гъащIэм хуаIэ мурадхэр къехъулIэну.

Урысей-Абхъаз зэпыщIэныгъэхэр щIалэгъуалэм ягъэкIуатэ

Накъыгъэм и 4-8-хэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щекIуэкI Урысей-Абхъаз щIалэгъуалэ форумыр Налшык къалэм къыщызэIуахащ. Ар КъБР-м и Правительствэмрэ Абхъаз Республикэм ЩIалэгъуалэм я Iуэхухэмрэ спортымкIэ и къэрал комитетымрэ къызэрагъэпэщащ, УФ-м ЩIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и федеральнэ агентствэмрэ Урысеймрэ Абхъазымрэ нэгъуэщI къэрал IуэхухэмкIэ я министерствэхэмрэ я дэIэпыкъуэгъуу.

ХьэщIэхэр къызэрысу удз гъэгъахэр тралъхьащ Куржы-Абхъаз хэку зауэм хэкIуэдахэм я фэеплъым. Абыхэм ящIыгъуащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Къуэшрокъуэ Залым, КъБР-м щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр Лу Азэмэт, КъБР-м лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министрым и къуэдзэ Гергоков Джамбулэт, жылагъуэ, щэнхабзэ, щIэныгъэ лэжьакIуэхэр. Абхъаз Республикэм къикIа щIалэгъуали 150-м я пашэт АР-м и вице-премьер, ЩIалэгъуалэм я Iуэхухэмрэ спортымкIэ къэрал комитетым и унафэщI Хагбэ Тарас, къэрал къулыкъущIэхэр.

Форумым и утыку нэхъыщхьэр ЩIалэгъуалэм я унэращ. Абдеж хьэщIэхэм къащыпэплъэрт адыгэ джэгу зэхэзыубла ди щIалэхэмрэ пщащэхэмрэ. Зэкъуэш щIыналъэхэм ис ныбжьыщIэхэр гуапэу зэIущIащ, махуэ зыбжанэкIэ зэрызэхэтынум щыгуфIыкIыу. Форумым хэтщ Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым, Осетие Ищхъэрэ-Аланием, Ингушым, Шэшэным, Дагъыстэным, Ставрополь крайм, Кърымым, Комим, Башкортостаным, Алтайм, Мордовием, Тэтэрстаным, ДНР-м, Пермь, Москва, Калугэ, Ленинград, Астрахань, Запорожье, Омск, Орел, Свердловск, Тамбов, Челябинск областхэм, Москва, Севастополь къалэхэм къикIа лIыкIуэхэри.

Зэхыхьэшхуэр гъэщIэгъуэн ящIырт лъэпкъ хьэпшыпхэр, шхыныгъуэхэр, Iэмэпсымэхэр щызэхуэхьэса пщIантIэхэм, сурэтыщIхэм, дизайнерхэм, IэпщIэлъапщIэхэм, хьэрычэтыщIэхэм я зэфIэкIыр утыку къыщрахьэ плIанэпэхэм, университетхэмрэ курыт IэщIагъэ щрагъэгъуэт еджапIэхэмрэ щекIуэкI лэжьыгъэр наIуэ къэзыщI утыкухэм, республикэм и щIыналъэхэм я псэукIэмрэ зыхуэкъулеймрэ къэзыгъэлъагъуэ шэтырхэм.

КъэралитIым щыщ щIалэгъуалэ щэ бжыгъэр щызэхыхьа гуфIэгъуэ зэIущIэм кърихьэлIащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек. Абхъазым къикIа хьэщIэхэм я гъусэу республикэ унафэщIым зригъэлъэгъуащ егъэджэныгъэм, щэнхабзэм, гъуазджэм, IT-технологием, экономикэм, псэукIэм ехьэлIа зыужьыныгъэм щIалэгъуалэм халъхьэфыр зыхуэдизыр. Абыхэм ятеухуа гъэлъэгъуэныгъэр куэдым я дежкIэ щIэщыгъуэт.

Ди къэралым щыщу ныбжьыщIи 150-рэ Абхъазым къикIауи апхуэдиз щызэхуэса зэIущIэр къызэIуихащ КъБР-м и Iэтащхьэм.

- Сигуми си псэми къабгъэдэкIыу фыкъызогъэблагъэ Къэбэрдей-Балъкъэрым. ПщIэшхуэ пылъщ мыхьэнэ ин зиIэ зэхыхьэр ди лъахэм зэрыщекIуэкIым, - жиIащ КIуэкIуэм. - ФIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейщ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимиррэ Абхъаз Республикэм и Президент Гунбэ Бадрэрэ, ди жэрдэмыр къызэрыддаIыгъам папщIэ, апхуэдэуи къызэгъэпэщыныгъэ IуэхухэмкIэ къыддэIэпыкъуахэу УФ-м нэгъуэщI къэрал IуэхухэмкIэ и министр Лавров Сергейрэ ЩIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ федеральнэ агентствэм и унафэщI Гуров Григорийрэ. Форумыр зыхуэунэтIар Урысеймрэ Абхъазымрэ я щIалэгъуалэм я зэпыщIэныгъэр гъэбыдэнырщ, ахэр унэтIынырщ, къыхалъхьэ проектхэмрэ жэрдэмхэмрэ зегъэужьынырщ, къэрал щIалэгъуалэ политикэм заузэщIыным яхузэфIэкI хегъэлъхьэнырщ. Мыбы щаухуэну дыщогугъ зыуэ щыт гуманитар хъыбарегъащIэ утыку, ди лъэпкъ хабзэхэр, лъапIэныгъэ-хэр, хэкупсагъэр и лъабжьэу. Мы зэIущIэм Iуэхугъуэ куэд хэтщ щэнхабзэм, егъэджэныгъэм, узэщIыныгъэм хуэунэтIауэ.

Ныбжьэгъу лъапIэхэ! Абхъаз Республикэр дэ куэд щIауэ дзыхь зыхуэтщI ди лэжьэгъущ, езы абхъазхэр ди къуэшщ, ди зэхущытыкIэм тхыдэр и лъабжьэщ, щэнхабзэ зэпыщIэныгъэ быдэхэр ди зэхуаку дэлъщ, дяпэкIэ Iуэхугъуэщхэр зэдэтщIэным дыхуопабгъэ. БлэкIар дигу къэдгъэкIыжмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу цIыху мин 55-м щIигъу хэтащ Хэку зауэшхуэм, абыхэм ящыщу мин 17-м къагъэзэжакъым, абыхэм я псэр щIатащ ди къэкIуэнум. Абхъаз хэку зауэм щыщIидзам Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэр зылI и быну зэкъуэувэри, я къуэшхэм зыщIагъэкъуащ. Абы лъандэрэ илъэс пщIы бжыгъэхэр дэкIыжами, езыхэм я фIэфIыныгъэкIэ Абхъазым щызэуахэр нобэ ди къэралым и щхьэхуитыныгъэр яхъумэу дзэ Iуэху хэхам хэтщ, абыхэм ящыщщ Урысейм къыгуэт «Пятнашка» бригадэ цIэрыIуэри. Дэ быдэу ди фIэщ мэхъу ТекIуэныгъэр ди Iэрылъхьэу Iуэхур зэриухынур, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, дэ пэжым дрителъхьэщ.

Урысеймрэ Абхъазымрэ я цIыхухэм, ди къэралхэм я зэныбжьэгъугъэ быдэм дригушхуэну хуитыныгъэ диIэщ дэ. Зы мазэ ипэкIэ Сыхъум къалэм щекIуэкIа Дунейпсо экономикэ форумым Iэ щыщIадзащ КъБР-м и Правительствэмрэ Абхъазым и Правительствэмрэ экономикэ, щIэныгъэ-техникэ, щэнхабзэ я лъэныкъуэкIэ зэдэлэжьэным теухуа зэгурыIуэныгъэм. Щхьэхуэу сыкъытеувыIэну сыхуейщ Абхъаз Республикэр социально-экономикэ зыужьыныгъэм и гъуэгум зэрытетым, и псэукIэм зэрызыщиужьым. АР-м и Президентымрэ къыдэлажьэхэмрэ нобэ зэрахьэ Iуэху щIэкIэм зыужьыныгъэшхуэхэм зэрыхуишэнур си фIэщ мэхъу. Тхьэмахуэ ипэкIэ Кавказ инвестицэ зэхуэсышхуэм Iэ щытрадзащ Налшыкрэ Сыхъумрэ я зэныбжэгъугъэм теухуа зэгурыIуэныгъэм. Фэ, щIалэгъуалэ жыджэрым, ди зэкъуэшыныгъэр адэкIэ зэрывгъэкIуэтэнум, ди зэхущытыкIэм и лъэбакъуэщIэхэр тхыдэм зэрыхэфтхэнум шэч къытесхьэркъым. СынывохъуэхъуэхъуэхъузэфIэкIыр...

КъэпсэлъапIэр хуитI зыхуащIа Хагбэ Тарас Абхъаз Республикэм и Президент Гунбэ Бадрэ форумым хэтхэм зэрызахуигъазэм къеджащ.

«ПщIэ зыхуэсщI Казбек Валерэ и къуэ, фIыщIэ ин пхузощI мыпхуэдэ зэхыхьэ гукъинэжыр Къэбэрей-Балъкъэрым щекIуэкIыныр къызэрызэвгъэпэщам щхьэкIэ. Псом япэ къыхэзгъэщыну сыхуейщ ди къэралхэм, лъахэм я зэпыщIэныгъэр - нэхъ быдэ, ди щIалэгъуалэм я зэныбжьэгъугъэр нэхъ куу хъун щхьэкIэ пхузэфэкI къызэрумыгъанэр. Къызэхуэса псоми фIэхъус гуапэкIэ захузогъазэ. Мыпхуэдэ зэIущIэхэрщ лъэпкъхэм я зэгурыIуэныгъэм, зэныбжьэгъугъэм къежьапIэ хуэхъур.

ДэркIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ форумыр ди къуэш хэгъэгум и къалащхьэ Налшык зэрыщекIуэкIым. Ди лъэпкъхэр ижь-ижьыж лъандэрэ зэкъуэшым хуэдэу къызэдокIуэкI, ар зэманми, дызыхэта гугъуехьхэми хьэкъ ищIащ. А зэхущытыкIэр лIакъуэкIэрэ зэIэпытхыу апхуэдэщи, иджырей щIалэгъуалэми къыпащэну ди хъуэпсапIэщ. Абхъазыр гузэвэгъуэ щыхэхуам псом япэу къыкъуэувар Кавказ Ищхъэрэм щыщ ди къуэшхэрщ, абыхэм я дэIэпыкъуныгъэр ди щхьэхуитыныгъэм сэбэп хуэхъуащ. Иджы абы щыгъуэм къыткъуэувахэм я бынхэращ зэхуэсари, ди зэпыщIэныгъэм адэкIэ зевгъэужьыну фи пщэрылъщ, фи адэхэм ящIам хэвгъахъуэу фызэдэпсэумэ, абы нэхъ лъэрызехьэ дищIынущ».

УФ-м нэгъуэщI къэрал IуэхухэмкIэ и министр Лавров Сергей къигъэхьа тхыгъэм къеджащ Федерацэм и субъектхэм, Парламентымрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ запыщIэнымкIэ департаментым и унафэщIым и къуэдзэ Кулагинэ Иринэ. ВидеозэпыщIэныгъэкIэ къызэхуэсахэм фIэхъус ярихащ «Росмолодежь» агентствэм и унафэщIым и къуэдзэ Литвиенкэ Егор.

Егъэджэныгъэм, щIэныгъэм, узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм, туризмэм, спортым пэрыт IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэр, студентхэр, хьэрычэтыщIэхэр, дзэ Iуэху хэхам хэтахэр щызэхуэса зэIущIэм щыщ зы Iыхьэщ япэ махуэм екIуэкIа гуп зэпсэлъэныгъэхэр. «Урысеймрэ Абхъазымрэ: щIалэгъуалэ Iуэхухэр» зи фIэщыгъэ Iыхьэм хыхьэу гупхэр щIэсащ: «Экономикэ IэмалхэмрэIэнатIэ зэгъэгъуэтынымрэ, Iэзагъым хэгъэхъуэнымрэ хьэрычэтыщIэ Iуэхумрэ»; «Унагъуэ быдэ: демографие зыужьыныгъэм, социальнэ дэIэпыкъуныгъэм теухуауэ»; «Медиамрэ IT-мрэ»; «Дунейпсо щIалэгъуалэ зэдэлэжьэныгъэ»; «Кавказ бгъэдыхьэкIэ гъэщIэгъуэнхэр: проект лъэрызехьэхэр»; «Зэкъуэтыныгъэм и къарур: егъэджэныгъэ, бзэ, щэнхабзэ лъэпкъ лъапIэныгъэхэр» лекцэхэм, абыхэм къыщыпсэлъащ урысей, абхъаз щIэныгъэлIхэмрэ IэщIагъэлIхэмрэ.

Форумым хэтхэм Iуэхугъуэ гъэщIэгъуэн куэд къапоплъэ, ахэр Налшык къалэм и закъуэ мыхъуу, республикэм и щIыналъэхэм яшэнущ, абы щыIэ ЩIалэгъуалэ унэхэм щылэжьэнущ, я нэгу зрагъэужьынущ, я щIэныгъэми Iэзагъми зэрыхагъэхъуэн Iэмал куэд махуиплIым къриубыдэу къыхузэрагъэпэщынущ.

Зэхыхьэм и япэ пшыхьыр гукъинэж ящIащ Абхъазым къикIа, Урысей Федерацэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ уэрэджыIакIуэхэмрэ къэфакIуэхэмрэ.

ШЭРIУЖЬ Даянэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ*.

• Адыгэ Псалъэ • apkbr.ru • adyghe@mail.ru • smikbr.ru • Адыгэ Псалъэ •

● Радиом, связым и IэнатIэ псоми я лэжьакIуэхэм я махуэм

Гъунапкъэ зимыIэ лъэмыж

1895 гъэм, щIэмкIэ накъыгъэм и 7-м, Санкт-Петербург дэт технологие университетым и егъэджакIуэ, инженер Попов Александр а лъэхъэнэм хуэзэфIэкIар дуней псом и къэхъугъэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщт. И IэдакъэщIэкIым теухуауэ абы мыпхуэдэу жиIэгъащ: «Токым и къарур къэбгъэсэбэпурэ, мы Iэмэпсымэр адэкIи ебгъэфIакIуэмэ, сыт хуэдэ макъри дэнэ щыпIэкIи щыбгъэIуфынущ».

ПОПОВ Александр жиIар зэрыпэжыр наIуэ къэхъуу хуежьащ XX лIэщIыгъуэм ипэхэм. А къэхутэныгъэр щIэдзапIэ хуэхъуащ иужькIэ лъэ быдэкIэ цIыхубэм я гъащIэм къыхыхьа связымрэ радиомрэ. Зэпэжыжьэ щIыналъэхэм щыпсэухэр я пIэ имыкIыу зэпсэлъэф, ЩIы Хъурейм, къэралым щекIуэкIхэм ятеухуа хъыбархэр зэхах хъуащ.

Коммуникацэм, нэгъуэщIу жытIэмэ, цIыхухэм, къэралхэм, континентхэм я зэпыщIэныгъэм ехьэлIа зы къэхутэныгъи щыIакъым икIи щыIэкъым радиом и Iэмалхэм лъэныкъуэ гуэркIэ пымыщIауэ. КъатщтэмЭ, хьэршым цIыхухэр лъэтэфынтэкъым, абы епха Iуэхугъуэ куэдыкIейхэри яхуэгъэзэщIэнтэкъым радиом и къэгъэсэбэпыкIэр я Iэпэгъуу щымытамэ.

Ди щIыналъэм къыщыунэхуа радиостанцым и гугъу тщIымэ, ар Кавказ Ищхъэрэм щыяпэт. Апхуэдэ щIыкIэм тету, илъэс 99-рэ ипэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэм, ди цIыхухэм я гъащIэм радиор къыхыхьащ.

«Псалъэр Налшыкщ» жызыIам и макъыр Къэбэрдей-Балъкъэрым и эфирым япэ дыдэу щыIуар 1927 гъэм накъыгъэм и 1-рщ. А Iуэхугъуэм иращIэкIа гуфIэгъуэ зэхыхьэм хэтат Москва, Ростов, Ставрополь къалэхэм, нэгъуэщI щIыпIэхэм къикIа хьэщIэхэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и жылагъуэхэм я лIыкIуэхэри куэд хъурт.

Мыдрейуи къыхэдгъэщынщи, цIыхухэм я хьэл-щэныр зыдж щIэныгъэлIхэм къызэрахутамкIэ, эфирым и пщIэр зыIэт нэщэнэ нэхъыщхьэхэм язщ абы къыщыIухэр лъэпкъхэм я къекIуэкIыкIам, я нобэм, я психологием зэрыпэджэжри. АтIэми, адыгэхэр хабжэ жьэрыIуатэ псалъэм пщIэ лей хуэзыщIхэм.

«ЖьэрыIуатэ газетэкIэ» еджэу къежьауэ щыта радиор абы лъандэрэ къыддокIуэкI цIыхубэм я Iуэху еплъыкIэр, я гупсысэр зэришалIэу.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIхэми фIыуэ къагурыIуэрт жьэрыIуатэ псалъэм мыхьэнэ ин зэриIэр. А зэманым газету къахудэгъэкIыр мащIэт. Радиом и макъыр здынэмыс щымыIэу апхуэдэти, абы зегъэужьыным гулъытэшхуэ хуащIу щIадзат. ЖьэрыIуатэм и пщIэр апхуэдизу лъагэт, куути, зэрыжаIэжымкIэ, радиом адыгэбзэрэ балъкъэрыбзэкIэ лэжьэн щыщIидзам, нэхъыжьхэми нэхъыщIэхэми телъыджэлажьэу къащыхъуат.

ЦIыхубэ хъыбарегъащIэ IэнатIэм и Iэмалыщхэм хэпщIыкIыу зиужьырт, радиом едаIуэхэр нэхъыбэ хъурт. Арами, а зэманым адыгэбзэрэ балъкъэрыбзэкIэ ягъэхьэзыр нэтынхэр, иджырейхэм етлъытмэ, хуабжьу мащIэт, дакъикъипщIым фIэкIыртэкъыми, ар цIыхухэм ягу къеуэрт. Мыдрей нэтынхэр псори зэрекIуэкIыр урысыбзэт.

А «щыуагъэр» зэрыгъэзэкIуэжыпхъэр къелъытэри, партым и обкомым 1936 гъэм и мэлыжьыхьым унафэ къыдегъэкI, радиокомитетым и лэжьэкIэм зэрыщыту зегъэхъуэжын зэрыхуейм хуэгъэзауэ. Программэхэр щIэм тету ягъэхьэзыру щIадза нэужь, эфир зэманым и процент 80-р адыгэбзэмрэ балъкъэрыбзэмрэ, процент 20-р урысыбзэм лъагъэс. Абы и фIыгъэкIэ анэдэлъхубзэкIэ къэпсалъэхэм, къатхэхэм я бжыгъэми хэхъуат. Нэтынхэр нэхъыбэу траухуэрт гъэсэныгъэм, егъэджэныгъэм, политикэм, экономикэм, литературэмрэ щэнхабзэмрэ. А зэманым радиом дэлэжьа корреспондентхэм къахэкIащ парт, къэрал лэжьакIуэхэр, тхакIуэхэр, нэгъуэщI цIыху цIэрыIуэхэр.

Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм, бийр Къэбэрдей-Балъкъэрми къыщыблэгъам, «Псалъэр Германиерщ» зыфIаща пункт фашистхэм къызэIуахат. Налшык ипсэлъыкI радиор абы лъэщу пэщIэтащ. ЗэрыпхъуакIуэхэм зэрахьэ лейр, ди цIыхухэм къагъэлъагъуэ лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ зэпымыууэ хэIущIыIу ящIырт.

АрщхьэкIэ, нэмыцэхэр къэблэгъапэ щыхъум, партым и обкомым и япэ секретарь КIумыхъу Зуберрэ 37-нэ армэм и унафэщIхэмрэ я щIэгъэкъуэну, радиом пыщIа техникэри бзищымкIэ къеджэнухэри Тбилиси ягъэIэпхъуэри, бийр хэкум ирахужыху абы къыипсэлъыкIащ. А мазэхэм радиом и лэжьыгъэр яунэтIащ Теунэ Хьэчимрэ Залиханов Жэнэкъаитрэ. 1943 гъэм щIышылэм и 4-м Налшык хуит къащIыжащ.

Республикэм и къалащхьэм япэу къыдыхьэжа советыдзэхэм я гъусэу ди щIыпIэ корреспондентхэм къагъэзэжащ икIи зэрыпсалъэ Iэмэпсымэхэр псынщIэу ягъэуври, Налшык хуит къызэращIыжам теухуа хъыбарыр Кавказ Ищхъэрэм щыяпэу Левитан и макъымкIэ щагъэIуащ. Я лэжьыгъэр зэтраублэжа нэужь, зэуапIэ IэнатIэхэм щекIуэкIхэр щIэмычэу къатырт, «Иужьрей сыхьэт», «Фронтым къикI письмохэр» псалъащхьэхэм, нэгъуэщIхэми щIэту ягъэхьэзыр нэтынхэм цIыхухэр пэплъэ зэпытт. Программэхэм куэду хагъэхьэрт ди хэкуэгъу зауэлIхэм, псалъэм папщIэ, Къардэн Къубатий, Къуэныкъуей Назир, Байсултанов Алим, КIэфо зэкъуэшхэм, Головко Арсений, нэгъуэщIхэми ятеухуа тхыгъэхэр. Жылагъуэхэр къызэхакIухьырт, лъэщапIэхэм кIуэрт, цIыхухэр къагъэпсалъэрт, Iуэхум нэхъри трагъэгушхуэрт.

Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэфI хуащIащ журналист нэхъыжьхэу Тхьэщокъуэ Мурадин, Журт Тыгъуэн, Дыджэ Зулькъэрней, Къардэн Жыраслъэн, Емуз Гъузер, Сэкрэк Хьэсэн, Дыкъынэ Хьэмид, Къэрмокъуэ Мухьэмэд, АфIэунэ Рае, Шэт Николай, Гувэжыкъуэ Пётр, Тэрчокъуэ Исуф, Хьэлыщх Иннэ, Къагъырмэс Борис, Журт Биберд, Къуэдзокъуэ Хьэсэн, НэщIэпыджэ Ибрэхьим, БжэныкIэ Мухьэб, Джыназ Юрэ, Джэрыджэ Арсен, дикторхэу ЩакIуэ Хужь, Безрокъуэ Хужь, Багъэтыр Аркадий, операторхэу Ащнокъуэ Николай, БакIуу Борис, ГъущIо Ритэ, режиссёр Къуэдзокъуэ Тамарэ, инженер Жаным Мухьэмэд сымэ, нэгъуэщI куэдми.

«Гъунапкъэ зимыIэ лъэмыжкIэ» зэджэ радиор лъэ быдэкIэ увыным зи гуащIэрэ зи зэфIэкIрэ хэзылъхьахэм, абыхэм я Iуэхум пызыщэхэм я махуэ лъапIэмкIэ дохъуэхъу!

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Дунейм щыхъыбархэр

Къэралъыгъуэ лъэщу къалъытэ

Японием и Парламентым и депутат, абы и ищхьэ палатэм дунейпсо Iуэху зэхэзэрыхьахэр джынымкIэ и комитетым и унафэщI Судзуки Мунэо Украинэр къыхуриджащ «хьэлъагъышхуэ зиIэ сумоистым зыпимышэну». Апхуэдэ щIыкIэкIэ зи гугъу ищIар Урысейрщ.

«СЫТ и лъэныкъуэкIи къызэхуэтыншэу ерыскъыхэкIкIэ зыкъызэрегъэпэщыж. ЩIы щIагъым къыщIах гъэсыныпхъэхэри ирикъуу иIэщ. Апхуэдэу уегупсысмэ, сэ къысщохъу Урысейр къэрал лъэщу икIи къаруушхуэ зиIэу», - яжриIащ журналистхэм Судзуки.

Депутатым къыхигъэщIащ къэралитIым я зэныкъуэкъум Урысейм зэфIэкI нэхъыбэ зэрыщиIэр, апхуэдэ Iуэхухэм я пIалъэ куэдкIэ нэхъыфIу зэрищIэр, абы и лъэныкъуэкIэ Украинэр зыкIи ебгъэпщэххэ зэрымыхъунур.

Унагъуэхэм ядоIэпыкъу

УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Голиковэ Татьянэ иригъэкIуэкIащ «Унагъуэ» лъэпкъ проектым 2026 гъэм и япэ мазищым кърикIуахэр къыщапщытэж зэIущIэ.

КЪАПЩЫТЭЖА пIалъэм къриубыдэу зэфIагъэкIахэр мащIэкъым. Апхуэдэу анэ мылъкур къагъэсэбэпащ унагъуэ мин 716-м. Унагъуэ мини 106-м, абыхэм папщIэ щыIэ худэчыныгъэхэм я фIыгъэкIэ, я псэукIэр ирагъэфIэкIуащ. Бынунагъуэшхуэ мини 155-м я ипотекэр япшыныжын папщIэ сом мин 450-рэ яIэрыхьащ. «Анагъэмрэ сабиигъуэмрэ хъумэн» къэрал проектым ипкъ иткIэ, щIыналъи 7-м цIыхубзхэм я узыншагъэр къыщапщытэ икIи чэнджэщ щрат Iуэхущ IапIэу 13 щаухуащ.

Накъыгъэм и 7, *махуэку*

♦**Радиом, связым и IэнатIэ псоми я лэжьакIуэхэм я махуэщ**
♦**Урысей Федерацэм IэщэкIэ ЗэщIэузэда и Къарухэр къыщызэрагъэпэща махуэщ**
♦**1985 гъэм** Налшык Хэку зауэ орденым и япэ нагъыщэр къыхуагъэфэщащ.
♦**1990 гъэм** КъБР-м и «Адыгэ Хасэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэр къызэрагъэпэщащ.
♦**1936 гъэм** къалъхуащ мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ кандидат, КъБР-м щIыхь зиIэ и агроном **Чэгъэду Владимир**.
♦**1950 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Балэ Иринэ**.
♦**1954 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Къудей Владимир**.
♦**1954 гъэм** къалъхуащ «Адыгэ псалъэ» газетым жэуап зыхь и секретарым и къуэдзэ **ДыщэкI (ПхытIыкI) Соня**.
♦**1957 гъэм** къалъхуащ сурэтыщI, КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **ПщыхьэщIэ Хьэсэнбий**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 19 - 20, жэщым градуси 8 - 10 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 4-кIэ зихъуэжынущ.

Накъыгъэм и 8, *мэрем*

♦**1936 гъэм** къалъхуащ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Нэгъуей Беслъэн**.
♦**1947 гъэм** къалъхуащ гъэмахуэ Олимп джэгухэм лъакъуэрыгъажэмкIэ чемпион щыхъуа **Шыхъуэ Борис**.
♦**1953 гъэм** къалъхуащ химие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къущхьэ Хьэсбий**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 21-рэ, жэщым градуси 10 - 12 щыхъунущ.

Къытхэхъуащ

Вэсэмахуэ республикэм къыщалъхуащ сабий 14: 4-р хъыджэбз цIыкIущ, 10-р щIалэщ.

Дыгъуасэ - сабий 36-рэ: 12-р хъыджэбз цIыкIущ, 24-р щIалэщ.

Накъыгъэм зэрыщIидзэрэ щIыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 122-рэ, илъэсым и пэщIэдзэм щегъэжьауэ 3125-рэ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ**.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Зи дзэлыфэ къыпхуэзытI псори ныбжьэгъукъым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ КъБР-м и Парламентым и III, IV зэхуэсыгъуэхэм я депутату щыта **Ещтрэч СулътIан Хьэбас и къуэм** и Iыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ яхуогузавэ ар дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

● Ди псэлъэгъухэр

СЭРАХЪЭ Людмилэ:

Лъэпкъым и къэкIуэнур елъытащ къыщIэувэ щIэблэм

Ди лъэпкъым и хъугъуэфIыгъуэ нэхъ лъапIэ дыдэр - анэдэлъхубзэр - щIэблэм яIурылъхьэныр, анэбзэр фIыуэ ялъагъуу, пщIэ хуащIурэ яхъумэу ныбжьыщIэхэр гъэсэныр, адыгэбзэм адэкIи зегъэужьыныр, и егъэджыкIэр егъэфIэкIуэныр гъащIэм щиIэ къалэн нэхъыщхьэхэм яхилъытэу хэкупсэу зи дунейр езыхьэкI адыгэ бзылъхугъэхэм ящыщщ нобэ ди псэлъэгъу Сэрахъэ (Бэлэтокъуэ) Людмилэ Сэлим и пхъур.

Тэрч щIыналъэм хыхьэ Урожайнэ жылэм къыщалъхуащ Людмилэ. Къуажэм дэт курыт школым 8-нэ классыр 1967 гъэм къыщиухри, Налшык дэт педучилищэм пэщIэдзэ классхэм я егъэджакIуэ IэщIагъэр щызригъэгъуэтащ икIи 1971 гъэм лэжьэн щIидзащ. ИужькIэ, 1973 - 1979 гъэхэм КъБКъУ-м и тхыдэ-филологие факультетым урысыбзэмрэ литературэмкIэ, адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм фIы дыдэу щеджащ. Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IэнатIэм илъэс 55-рэ ипэкIэ апхуэдэу пэрыхьа Людмилэ хэлъхьэныгъэ куэд хуищIащ абы и зыужьыныгъэм. Абы и къалэмыпэм къыпыкIащ адыгэбзэр курыт школым зэрыщегъэджыпхъэм теухуа лэжьыгъэ купщIафIэхэр. Сэрахъэр и IэщIагъэмкIэ щIэныгъэ куу зиIэ, и лэжьыгъэкIэ зэфIэкI лъагэ зыбгъэдэлъ, и гупсысэ шэщIарэ бзэ дахэкIэ куэдым къахэщ егъэджакIуэщ, унэтIакIуэщ, методист Iэзэщ, щIэблэ куэдым я гъуэгугъэлъагъуэщ. И пщэрылъ къалэнхэмкIэ жэуаплыныгъэ лъагэ зыхищIэу ар дапщэщи зэрылэжьар. Людмилэ илъэс 20-м нэскIэ щытащ адыгэбзэмрэ литературэмрэ езыгъэджхэм я школ методикэ зэгухьэныгъэм и унафэщIу.

Апхуэдэ Iуэху зехьэкIэм къыпэкIуащ къэрал гулъытэ лъаги. Сэрахъэ Людмилэ «УФ-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ», «Лэжьыгъэм и ветеран» цIэ лъапIэхэр къыфIащащ, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм, Дунейпсо Адыгэ Хасэм, нэгъуэщI къэрал, жылагъуэ IэнатIэхэм, зэгухьэныгъэ цIэрыIуэхэм къабгъэдэкI дамыгъэ лъагэхэр, щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр, саугъэт лъапIэхэр мызэ-мытIэу къратащ.

Сэрахъэр унагъуэщ. И щхьэгъусэ Борисрэ абырэ быниш: зы къуэрэ пхъуитIрэ зэдагъуэтащ, щIэныгъэфIрэ IэщIагъэрэ ирагъэгъуэтащ, гъащIэм лъэ быдэкIэ хагъэуващ. Анэшхуэ Людмилэ и дунейр хуэзыгъэнэхуэм ящыщщ и пхъурылъху пщащэ цIыкIу Саррэ.

Мы махуэхэм илъэс 75-рэ ирокъу Людмилэ и ныбжьыр. И юбилей дахэм ипэ къихуэу абы упщIэ зыбжанэкIэ зыхуэдгъэзащ.

- Людмилэ, уэ уащыщщ зи цIэр фIыкIэ Iуа адыгэ бзылъхугъэхэм. Уэ лэжьыгъэшхуэ зэфIэпхащ еджакIуэхэр адыгэбзэкIэ гупсысэфу, бзэм и IэфIагъыр зыхащIэрэ ар шэрыуэу утыку ирахьэфу, хуэфащэ пщIэ хуащIу ахэр гъэсэным. А псоми я лъабжьэщ анэдэлъэхубзэм хууиIэ лъагъуныгъэ къабзэр. А хэкупсэ гурыщIэ лъэщым щIэдзапIэ хуэхъуар, дауи, укъызыхэкIа унагъуэм, уи сабиигъуэм щыIэщ...

- Пэжу, сыт хуэдэ IэщIагъэлIми зыхэригъэхьэ ехъулIэныгъэхэм джэнэс яхуэхъур, псом япэрауэ, и IэщIагъэм хуиIэ лъагъуныгъэмрэ хуищI пщIэмрэщ. Адрей предметхэр езыгъэджхэр зыкIи сымыгъэлъахъшэу жызоIэ анэдэлъхубзэр езыгъэджхэм хэкупсэ гъэсэныгъэ, хэкупсэ гурыщIэ, хэкупсэ зэхэщIыкI я лъэныкъуэкIэ я гумрэ я псэмрэ нэхъ зэлъхауэ зэрыщытыр, сыту жыпIэмэ бзэр хъумэныр, абы зегъэужьыныр, щIэблэм яIурыплъхьэныр лъэпкъ Iуэху нэхъыщхьэхэм ящыщу къызолъытэри. Зи гугъу сщIы фIыгъуэхэм я нэхъыбапIэм щIэдзапIэ яхуэхъур цIыхур къызыхэкIа унагъуэращ: абдеж псыхьэлыгъуэ цIыкIуу, Iуданэ псыгъуэ цIыкIуу щыукъуэдия мэхъу дэтхэнэми ди гъащIэ гъуэгур. Сэри сащыщщ унагъуэм къыщежьа а лъагъуэ цIыкIур гъуэгушхуэ хуэхъуу гъащIэм ирикIуахэм.

1941-1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэр зэриухрэ илъэсих щрикъу накъыгъэм и 8-м дунейм сыкъытехьащ сэ. Зауэжьым удын хьэлъэ зытридза (си адэ Сэлим и къуэшитI абы хэкIуэдат) Бэлэтокъуэхэ я унагъуэм дежкIэ, си адэ шыпхъухэм жаIэжу зэрыщытамкIэ, гуфIэгъуэшхуэт къуэрылъху щагъуэта а гъатхэ махуэ нурыфIэр. Гуауэшхуэм зи гур ириуда си адэшхуэ-анэшхуэми Алыхьыр къедэхэщIэжу щыпэлъу сабийр тегъэупIэу къаритауэ къалъытат. Балигъ гупым сакъыхэтэджыкIати, пасэу псэлъэни щIэздзауэ яIуатэжырт абыхэм.

Си бзэри си лъэпкъри фIыуэ сэзыгъэлъэгъуар си нэхъыжьхэрщ: си адэм адыгэ уэрэдыжьхэр дзапэ уэрэду жиIэрейти, сэри абы куэдрэ сыдежьурт. КъардэнгъущI Зырамыкурэ Къуныжь Хьэждалрэ жаIэ уэрэдхэр пластинкэхэм тету диIэти, ахэр пщыхьэщхьэкIэрэ къыхуезгъауэрт ди адэм, и гуапэ сщIыну. Уэрэдхэм я макъыр зэрызэхахыу, ди куэбжэпэм хьэблэ лIыжьхэр къыщызэхуэсурэ абыхэм едаIуэрт, щIэуэршэрыкIыжу. «Ди гум, ди псэм яфIэфI мы уэрэдхэр къытхуезыгъауэ пщащэ цIыкIур насыпыфIэ ухъуи!» - жаIэу сэ къысщытхъуурэ си адэми фIыщIэ къыхуащIырт, щызэбгрыкIыжкIэ.

Хабзэшхуэрэ нэмыс дахэрэ зыхэлъу щыта си анэ Быщэ куэдым хищIыкIыу щытти, лъэпкъ хабзэм щыщ гуэркIэ, псалъэжьхэм я мыхьэнэкIэ е шхыныгъуэм и зэхэлъыкIэкIэ - сыткIэ сеупщIми, гурыIуэгъуэ дыдэу къысхуэзэпкърихырт. Си адэм и анэр пшынэ еуэрт, си анэм и анэр дэрбзэр Iэзэу щытауэ жаIэжырт. «Нэ илъагъу Iэ ещIэ», - жыхуаIэм хуэдэу, си анэри си адэ шыпхъухэри дэрт. Ахэр фIыуэ зэрыслъагъум къыхэкIыу, я фэр еслъурэ, я IэщIагъэхэм сэри хуэIэижь сыхъуным сыхимэпабгъэрт, зыми абыкIэ сыхимыгъэзыхэми. Апхуэдэу къыщIэкIынщ щIэблэр гъэсэн зэрыхуейр - нэрылъагъу щапхъэкIэ, залымыгъэ зыхэмылъ уциекIэ.

- Гулъытэрэ хуабагъэкIэ гъэнщIа апхуэдэ сабиигъуэ IэфIым уи гуи, уи щхьи зэтелъу пщащэ цIыкIур уришэлIащ-тIэ школ гъащIэм, иужькIэ студент илъэсхэм. А лъэхъэнэр сыт хуэдэу уи нэгу къыщIыхьэжрэ?

- Тэрчышхуэ и Iуфэм Iут ди жылэм дэт курыт школым 1958 гъэм сыщIагъэтIысхьауэ щытащ. ЯпэщIыкIэ еджэным дыхуигъэхьэзыращ Къущхьэ Iэминат БытIэ и пхъум. ИужькIэ Бэрэгъун Хьэжпагуэ ипхъу Жануэс классыр дратри, псэху жыхуаIэм хуемыплъэкIыу а егъэджакIуэ Iэзэм сабийхэр гупсысэкIэ тэмэмым дытришащ, щIэныгъэ нэс зэдгъэгъуэтыным хуэщIа хъуапсэ ди гущIэм къыщигъэушу. ШкIащIэ плъэкIэ тщIыуэ дызыIэрыхьа Жануэс еш имыщIэу дригъэджащ, урысыбзэр лъэщу дигъэщIащ, макъ гуапэ дыдэкIэ дызыщIигъэдэIуу щыта уэрэд цIыкIухэри нобэр къыздэсым дзапэ уэрэду сIурылъщ. Абдеж къыщыщIэздзэри, уэрэдылъэ стхыуэрэ зы тетрадышхуэ из згъэщIэрэщIэжауэ щытащ, уэрэдыр зытеухуам сурэт хуэсщIурэ, егъэджакIуэ сыхъумэ, езгъаджэхэм язгъэщIэн мурадыр сиIэу. Жануэсщ япэу сахэзыгъэувар фIыуэ еджэ сабийхэм, сытригъэгушхуащ еджэным, зэрыслъэкIынур си фIэщ ищIри, гъуэгу тэмэмым сытришащ. Абы и шыпхъу Шури пщэфIэкIэ, дэкIэ-бзэкIэ дигъащIэу къыддэлэжьащ. Иджы щэкI кIапэ зэгуэздэху, Алыхьым солъэIу мастэнэу къисхым и фIыгъуэр Шурэ лъигъэсыну. Абыи и фIыгъэ куэд хэлъщ сыт хуэдэ си щыгъынри си IэкIэ здыжыфу сызэрыщытым. Пэжу, гухэхъуэгъуэщ зыми емыщхь уи фащэ пщыгъыну.

Класс нэхъыжь дыщыхъуам щыгъуи ялъэкI къамыгъанэу къыдэгугъуащ егъэджакIуэхэу Къарей Борис, Бэлэтокъуэ Шэмсэдин, Шэрыб Сарэ, Беслъэней Татьянэ, Накуэ Эммэ, Угъурлы Залымхъан, Унэж Татьянэ сымэ. Дэтхэнэри яужь итащ я предметхэмкIэ щIэныгъэ куу къыдбгъэдалъхьэным. Абыхэм я фIыщIэу къызолъытэ лъэпощхьэпоуншэу педучилищэм сызэрыщIэтIысхьауэ щытар.

- Мыбдеж къыщыхэзгъэщынщи, а еджапIэр дапщэщи цIэрыIуэщ студентхэм щIэныгъэфI, зэрылэжьэн методикэ лъэщ етынымкIэ. Педучилищэм и егъэджакIуэхэр къызэрыпхуэупса а фIыгъуэхэр уи гъащIэ гъуэмылэу уи нэр къызыхуикI лэжьыгъэ IэнатIэм упэрыхьауэ щытащ. Дауэ къыпщыхъуа егъэджакIуэныр и япэ лъэбакъуэхэр?

- Лъэныкъуэ куэдкIэ зыдагъэужьауэ, ди зэхэщIыкIым хэхъуауэ, егъэджакIуэ ныбжьыщIэ дыхъуауэ къэдухащ ар. 1971 гъэм ди къуажэ школым къэзгъэзэжри, пэщIэдзэ классу къызатар нэмрэ псэмрэ хуэсхьу езгъэджащ. «Узэгугъур къогугъуж» жыхуаIэр нэрылъагъу сщыхъуат абы щыгъуэ. Си гъэсэнхэр, къуажэ псом ягъэщIагъуэу, класс лъэщ хъуат, ябгъэдэлъ щIэныгъэкIи гъэсэныгъэкIи къапэхъун щымыIэми ярейуэ. Си лэжьыгъэмкIэ хуабжьу арэзыт школым и унафэщIхэри адэ-анэхэри.

Апхуэдэ ехъулIэныгъэхэр си щхьэ закъуэ зэфIэкIым хуэсхыркъым. Педучилищэм щIэныгъэфI къыщIэсхами, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IэнатIэм щысча япэ лъэбакъуэр нэхъ тыншу къысщащIу чэнджэщэгъу нэс къысхуэхъуащ егъэджакIуэхэу Бэрэгъун Таисэрэ Мендэхъу Ларисэрэ. Абыхэм лэжьыгъэм сыхагъэгъуэза нэужь, къызэмыхьэлъэкIыу къалэным сыпэрытащ, си IэщIагъэм нэхъри сыдихьэхауэ, абы гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ къызиту. Ди лэжьыгъэм къыкIэлъыплъырт пэщIэдзэ классхэм урысыбзэр зэраджыну тхылъыр зэхэзылъхьа, педагогикэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, IэщIагъэлI лъэщ Бэрэгъун Мухьэмэд. Апхуэдэ егъэджакIуэхэм я жьэуазым ущIэту фIыуэ умылэжьэфынкIэ Iэмал иIэтэкъым.

- Школым щебгъэкIуэкI IуэхухэмкIэ къадэкIуэу, уэ дапщэщи ущыжыджэрщ жылагъуэ Iуэхухэм. «Терчанка» къэфакIуэ гупым узэрыхэтамрэ абы узыхуиша къэрал утыкушхуэмрэ я гугъу къытхуэпщIыжыну сыхуейт.

- Жылагъуэ лэжьыгъэр си гъащIэм зы Iыхьэшхуэу дапщэщи хэтщ. СыщыцIыкIуами, студент илъэсхэми, лэжьыгъэ IэнатIэ сыщыпэрытами - сыт щыгъуи сфIэфIащ си пщэрылъ къалэн нэхъыщхьэм дэщIыгъуу нэгъуэщI Iуэхухэми сыхэтыну.

НтIэ, школым апхуэдэу жыджэру сыщылажьэу, ди жылэм дэт ЩэнхабзэмкIэ унэм и унафэщI ГъукIакъуэ Анатолэ егъэджакIуэ ныбжьыщIэхэр къэфакIуэ гупым дыхыхьэну дыкъыхуриджати, ди гуапэ дыдэу арэзы дыхъуат. Бэлэтокъуэ Германбий хуабжьу егугъуу дыхуигъасэрт къэфэным. Гупым щIэх-щIэхыурэ увыпIэфIхэр къыщытхьырт Тэрч районым щекIуэкI щэнхабзэ зэпеуэхэм. Апхуэдэхэм ящыщ зым дыхэтауэ, къэпщытакIуэ гупым нэхъыщхьэу яхэса Дашу Хьэшыр сыкъыхихри, щIыналъэпсо еплъыныгъэхэм щытекIуауэ а зэманым лъагэу яIэт «Терчанка» уэрэдымрэ къафэмкIэ цIыхубз ансамблым сригъэблэгъащ. Абы сыхэту куэдрэ сыкъэфащ. СССР-р къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 50 зэрырикъум и щIыхькIэ Москва лъэпкъыбзэ фестивалышхуэ щызэхашат 1972 гъэм. Абы дыхэтыну ди нэ къикIырт дэри. Ди насып къикIри, фестивалым хэтынухэр къыщыхах еплъыныгъэм, иужькIэ езы концертышхуэм дыхагъэхьащ.

ЯпэщIыкIэ Москва комиссэ гуащIэ къыщыдэплъащ. Абы хэтхэм я арэзыныгъэ хэмылъу утыкушхуэм ауи драгъэхьэнутэкъым. ДыпхыкIащ. Адыгэ уэркъ къафэр Дашу Хьэшыр, бальнэр Эминов Юсуп сымэ я нэIэм дыщIэту дгъэхьэзырат. ЕкIуу дыкъэфащ, телестудие щхъуэкIэплъыкIэми драгъэблагъэри, абыи дыкъигъэлъэгъуат ди республикэм икIа гупыр. Кремлым и Уардэунэм щекIуэкIа концертышхуэм кърихьэлIахэт ди къэралым и унафэщI цIэрыIуэхэу, КПСС-м и ЦК-м и Политбюром хэтхэу СССР-м и Министрхэм я Советым и УнафэщI Косыгин Алексей, абы и япэ къуэдзэ Мазуров Кирилл, КПСС-м и ЦК-м и секретарь Суслов Михаил, СССР-м щэнхабзэмкIэ и министру куэдрэ щыта Демичев Пётр, къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэшхуэ, тхакIуэ Кунаев Динмухьэмэд сымэ. Концертыр и кIэм щынэсым, фестивалым нэкIуа псоми хъыджэбз 11 дыкъыхахри, а къулыкъущIэхэм дабгъэдыхьащ, удз гъэгъа Iэрамэхэр еттыну. Сэ Кунаевым естыну къыслъысати, «Дыгъэпс дахэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и сэлам гуапэр узох», - жысIэри абы удз гъэгъа Iэрамэр IэщIэслъхьауэ щытащ. Езыри къысщыгуфIыкIри, фIыщIэ къысхуищIат: «Спасибо за цветы. Какой у Вас замечательный костюм!» Ар щIыхьышхуэт ди къэфакIуэ гупым, ди республикэм я дежкIэ.

Москва дызэрыщыIа тхьэмахуитIым къриубыдэу гу зылъыста лъэпкъ фащэхэр сыкъэкIуэжа нэужь езгъаджэ цIыкIухэм яхуэздат. СССР-м и республикэ 15-м я лъэпкъ къафэхэри абыхэм ящIэлъ макъамэхэри сабийхэм езгъащIэри, жьэ пшынэ защIэкIэ школым зыкъыщезгъэгъэлъэгъуауэ щытащ. Псоми яфIэтелъыджэт а теплъэгъуэр.

Сыкъыщалъхуа Урожайнэ жылэм шыхэсша щэнхабзэ лъагъуэ цIыкIум къэрал утыкушхуэм сришауэ щытащ.

Апхуэдэу гукъинэж сщыхъуа щэнхабзэ зэхыхьэхэм ящыщщ ди щIыналъэм щыцIэрыIуэ егъэджакIуэ Iэзэ, политикэ, жылагъуэ лэжьакIуэшхуэ Дадэ Суфэдин 1977 гъэм Хьэмидей къуажэм лъэпкъ IуэрыIуатэмкIэ щригъэкIуэкIауэ щыта фестивалышхуэр. Ди республикэ псор жыджэру хэтат а Iуэхугъуэ хьэлэмэтым икIи купщIафIэм. Жылэр а махуэм езгъэщхьат нарт щIыналъэм, ахэр щыпсэуа зэманым. Адыгэхэм я гъащIи, я лъащIи, я псэукIи, я джэгукIи, я пщэфIэкIи, гъэхьэщIэкIи - адыгэ дунейр зэрыщыту уи нэгу къыщIэувэрт, фестивалым и екIуэкIыкIэм ухэплъэмэ. Апхуэдэ Iуэхугъуэхэр гуимыхужу къонэ...

- Хэкупсэу зи дунейр зыхь уэ пхуэдэ цIыхухэм гурэ псэкIэ зыхащIэ лъэпкъым и гъащIэм ехьэлIа псори. Уи лъахэм апхуэдэ лъагъуныгъэ къабзэ хууиIэу щымытамэ, хэт ищIэрэ, лэжьыгъэ IуэхукIэ уздагъэкIуауэ щыта Иорданием, Сирием укъыщынэнкIэ хъунут...

- ГъащIэм щызиIэ хъуэпсапIэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ адыгэу дунейм тет псори зы дыхъужауэ, зы щIыналъэ дису, дуней псом щыцIэрыIуэ ди хабзэр, щэнхабзэр екIуу зетхьэжу дыпсэуныр. 1975 гъэм, сызэрылажьэм хуэдэурэ, КъБКъУ-м и тхыдэ-филологие факультетым и 4-нэ курсым сыщеджэу, КПСС-м и обкомым сраджэри, си лэжьэкIэм сытрагъэпсэлъыхьащ. Мурадыр хамэщI щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм адыгэбзэр зэрегъэджыпхъэ щыкIэхэм сызэреплъыр зрагъэщIэнырт.

А IуэхугъуэмкIэ ди республикэм щекIуэкIа къэпщытэныгъэ-зэпеуэм хэтахэм ящыщу сэ сыкъыхахщ, анэдэлъхубзэр хамэ щIыналъэхэм зэрыщегъэджыпхъэ методикэр хэIущIыIу сщIыныр къалэн къысщащIри, Иорданием, иужькIэ Сирием сагъэкIуащ. Жэуаплыныгъэ лъагэ зыпылъ лэжьыгъэшхуэт ар. СхузэфIэкI къэзгъэнакъым, икъукIэ пщIэшхуи къысхуащIащ. Заулрэ сыщыIауэ, Посольствэм щыщхэр лъэIуащ илъэситI пIалъэкIэ а щIыналъэхэм сыщылэжьэну арэзы сыхъуну. АрщхьэкIэ къэзгъэзэжмэ нэхъ къасщтэу си Хэку сыкъэкIуэжащ, еджэныр и кIэм нэзгъэсын зэрыхуейр тегъэщIапIэ сщIыри.

А къэралхэм си нэгу щыщIэкIахэр куэдрэ си гум илъащ, зи анэбзэр зэзыгъэщIэну хущIэкъу сабийхэр адэжь щIыналъэм зэримысыжыр си псэм къытехьэлъэу. Абдеж мурад быдэ сщIауэ щытащ анэдэлъхубзэр щIэблэм яIурылъу къэтэджа хъун папщIэ слъэкI къэзмыгъанэу сылэжьэну.

- А хъуэпсапIэ нэхухэр уи гъуэгугъэлъагъуэу уи IэнатIэм дапщэщи упэрытащ. Сабий гъэсапIэм, курыт школым щепхьэкIа лэжьыгъэхэр ноби куэдым я гум илъщ. Уэ узэрепльымкIэ, сыт лъэпкъ гъэсэныгъэм и лъабжьэр? Дэнэ щыIэ абы и къежьапIэр?

- Налшык дэт сабий сад №64-м илъэси 10-м щIигъукIэ сыщылэжьащ, си гъэсэнхэр адыгэ хабзэм, лъэпкъ щэнхабзэм нэхъ кууэ щызгъэгъуэзэныр си гуращэу. ЩIэныгъэлI цIэрыIуэ, тхакIуэ Iэзэ МафIэдз Сэрэбий чэнджэщэгъу сщIыурэ, илъэси 4 - 7 зи ныбжь сабийхэр си гъусэу згъэуву щытащ театр теплъэгъуэ кIэщIхэр, «ВакIуэдэкI», «ВакIуэихьэж», «Созрэщ», «Тхьэшхуэгухьэж» тхьэлъэIухэр, къафэ сюитэхэр хэту. СощIэж: зэрынарт быныр сабийхэм наIуэ ящысщIын мурадкIэ, абыхэм зыкъыщагъэлъагъуэу садым иIэ пэшышхуэм и блын кIыхьым нарт хэкужьым и теплъэу сурэтышхуэ щытесщIам, зылъагъухэм яфIэтелъыджэт. Абы республикэм и хъыбарегъащIэ IэнатIэхэми щытепсэлъыхьыжауэ щытащ иужькIэ.

Зи гугъу пщIы лъэпкъ лъапIэныгъэхэм я лъапсэр адыгэ унагъуэращ. АфIэкIа ныбжь зимыIэ сабийхэм адыгэ тхьэлъэIу лъапIэхэр къащIыхуэгъэлъэгъуар адыгэпсэ яхэту унагъуэм щапIати араш. ФIыщIэшхуэ яхуэфащэщ зи быным лъэпкъыбзэр яIурызылъхьэ адыгэ нысащIэхэм. Ахэращ ди бзэр ефIэкIуэнуми, кIуэдыжынуми зэлъытар. Нобэ нысэ къэзышам хьэгъуэлIыгъуэшхуэр ирещIэкI а Iуэхум, нысащIэ цIыкIум ехьэжьауэ пщIэ хуащI, лъэпкъым и цIыху игъэсэну щыгугъыу. Лъэпкъым и къэкIуэнур зыхуэдэр куэдкIэ елъытащ абы къыщIэувэ щIэблэм анэдэлъхубзэм хуищI пщIэм. Дазэрыщыгугъ къалэныр нысащIэ цIыкIухэм ягъэзащIэмэ, ди бзэр ефIэкIуэнщ, Iэпэдэгъэлэл ящIрэ - унагъуэм исыр бзэ зырызкIэ зэпсэлъэнщ. Апхуэдэурэ къожьэ лъэпкъыбзэ кIуэдыр. Абы къыкIэлъокIуэ нэгъуэщI Iуэхугъуэ хьэлъэ куэд. Алыхьым дыщихъумэ!

А еплъыкIэхэр згъэнэхъапэущ школым сызэрыщылэжьари. 1992 гъэм а IэнатIэм сыпэрыхьэжри, илъэс 30-м щIигъукIэ сыщылэжьащ Налшык дэт школ №25-м, ныбжьыщIэхэм адыгэбзэмрэ литературэмрэ езгъэдж. Мис абдежми, сызэресауэ, тхакIуэ, усакIуэ къедгъэблагъэми, литературэ тхыгъэ куэд сценэм щыдгъэлъагъуэми, а гупым я фащэ-щыгъын яхуэздми, афэ джанэ, бжы, таж пыIэ папьемашекIэ сщIыми, тхыпхъэщIыпхъэхэр зытет мэIухэр еджакIуэхэм фанерым къыхезгъэщIыкIми - псори хуэзэнэтIащ щIэблэм лъэпкъ гъэсэныгъэ яхэлъу къэзгъэтэджыным. ФIыщIэ ин яхуэфащэщ сызипашэ методикэ зэгухьэныгъэм хэта си лэжьэгъухэу Уэрыш Iэминат, Борыкъуей Iэсият, Къэзан Эммэ, Сэбан ФатIимэт, Мэремкъул Луизэ, Бэджий Марьянэ, Пщыунэ Тамарэ сымэ. Дэтхэнэми ди къалэн диIэжу лъэпкъ гъэсэныгъэм, егъэджэныгъэм хьэлэлу дыхуэлэжьащ. Апхуэдабзэу сыт щыгъуи жыджэру дыхэтащ «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо фестивалми, ехъулIэныгъэ лъагэхэр зыIэрыдгъэхьэу.

А лэжьыгъэхэм зэрыхьукIэ къесшалIэрт адэ-анэхэри: сыхуейт абыхэми я гур, я псэр хэкупсэ гупсысэхэмкIэ згъэнщIыну. Унагъуэри еджапIэри зэгъусэу уелэжьын хуейщ лъэпкъым и цIыху нэс къэгъэхъуным. Балигъхэр абыкIэ зэгурыIуэмэ, сабийхэр гъуэгу тэмэм пхутешэнущ.

- Сабиипсэм нэхърэ нэхъ къабзэрэ нэхъ зэIухарэ зэрыщымыIэр хьэкъыу ппхыкIауэ, уи лэжьыгъэми уи нэIэм щIэт ныбжьыщIэми яхуиIэ гурыщIэм и инагъыр, лъэщагъыр нэрылъагъуу IэнатIэм хьэлэлу упэрытащ, Людмилэ. Лэжьыгъэм и купщIэ нэхъыщхьэу бгъэуващ дэтхэнэ ныбжьыщIэми лъэпкъым и Iыхьэу зыкъилъытэжу, езым и гупсысэкIэ, дуней еплъыкIэ иIэжу къэбгъэхъуныр. Бзэмрэ литературэмкIэ щIэблэм епта щIэныгъэ нэхум къыдэкIуэу, ныбжьыщIэхэм ябгъэдэплъхьащ адыгэхэм я хабзэм, щэнхабзэм, лъэпкъ нэщэнэхэм, тхыдэм ехьэлIа зэхэщIыкIри, абыхэм я гум дахагъэр, лъагъуныгъэр, фIэщхъуныгъэр, пэжыгъэр, напэр, къалэныр зи лъабжьэ гупсысэхэр къыщыбгъэушу. ЩIэблэм уращапхъэу, балигъхэм урачэнджэщэгъуу, унагъуэкIэ насып ущымыщIэу куэдрэ узыншэу Тхьэм уигъэпсэу!

Епсэлъар
ЖЫЛАСЭ Маритэщ.

Экономикэ · Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ · Жылагъуэ Iуэху

Теплъэм хуэпщылIым купщIэр IэщIокI

«Хъыданшу» жеIэри хъуэр псалъэ гуэр хэтщ адыгэбзэм. Ар ятеухуащ лэжьэным зытрамыухуэфу, зыкърахын нэхъ зыфIэфIхэм. «Щыгъыныкъуэ-щыгъыныпхъу» зыхужаIэхэми нэфIкIэ уригъэплъыркъым ди анэдэлъхубзэм. Абыхэм ядыщIыгъуж дэпсэлъеин зи хьэл щIалэхэм хужаIэ «Урыху дыщэ шур».

«ДАПХУЭДЭУ зыхуэпэн зэрыхуейр?» - жиIэри, щIалэ гъэса гуэр нэхъыжьым еупщIат. «Делэхэр къыпщIэмынэкIэн, губзыгъэхэм урамыудэкIын хуэдэу», - къритащ жэуап.

Щыгъыным дытепсэлъыхьурэ етшэжьа нобэрей уэршэрыр модэм зэрытеухуар фэри къывгурыIуа къыщIэкIынщ. ФIэщыгъэкIэ къимыкIа пэтми, «ШейтIаным щитIагъэр Прадэщ» фильмым ихъуреягъкIэ екIуэкI хъыбарыщIэ къомым адыгэбзэкIи зыгуэр къахэхуэ щхьэ мыхъурэ, жыдоIэ. Япэрауэ, 2006 гъэм ягъэува теплъэгъуэ цIэрыIуэр мы гъэм илъэс 20 ирокъу. ЕтIуанэрауэ, накъыгъэм и 1-м абы и Iыхьэ етIуанэр утыку кърахьа къудейщи, зымылъэгъуам и махуэ мыгъуэу, щэнхабзэм и бэзэрышхуэм бзэуэ щыIэмкIэ щызэбграх.

«Мыр щагъэува 2006 гъэм илъэс 56-м ситти, жьыфэ дыдэ зэсплъыжырт, - жеIэ фильмыр зытеухуа «Подиум» журналым и редактор нэхъыщхьэм и ролыр зыгъэзэщIа Стрип Мэрил. - Абы лъандэрэ илъэс 20 дэкIащи, иджы мыр зэрытхузэфIэкIар си фIэщ схуэщIыркъым. Щэнхабзэ утыкум илъэс 50-м щхьэдэха цIыхубз куэдрэ щыплъагъунукъым. Си гуапэщ сыздынэсам сынэсауэ, мыпхуэдэ насып къызэрыдэхъулIар».

«Прада» цIэр ипэжыпIэкIэ зезыхьэр Италием щылажьэ фирмэщ. ПлIэидзэхэмрэ вакъэхэмкIэ кърригъажьэри, хуэмурэ щыгъыныгъуэхэми зезыта IуэхущIапIэр иужькIэ цIэрыIуэ дыдэ хъуауэ щытащ. Иджыпсту щхьэж здэщытым деж зыщиплъыхьмэ, а цIэр тетхауэ къыщIэкIынкIи хъунущ Iэгъуэблагъэм ит хьэпшып гуэрым, апхуэдизкIэ «Прада»-м зебгъэщхьыныр е и цIэр птеIукIыныр «цIыхум ухэзыгъэгъуащэ» гуэру къафIощIри.

Фильмыр зытращIыкIар америкэн тхакIуэ Вайсенберг Лорен и тхылъщ, а цIэ дыдэр зэрихьэу. ИужькIэ тхакIуэ хъуа цIыхубзыр и щIалэгъуэм модэм епха «Вог» журналым щылэжьащ. Гупсысэ нэхъыщхьэу тхылъым къыщыIэтар унафэщI щхьэхуещэм удэлэжьэну зэрыгугъурщ. Иджыпсту зымыщIэ къэнэжакъым тхакIуэм и IэдакъэщIэкIым хигъэхьа Пристли Мирандэ «Вог» журналым и редактор нэхъыщхьэу илъэс куэдкIэ лэжьа Винтур Аннэ зэрытеухуар. ЩыгъыныфIкIэ зызыхуапэ «шейтIан» хъужри аращ. А цIыхубзым и Iулыджыр апхуэдизкIэ инти, уеблэмэ фильмыр щагъэувым дэрбзэр цIырыIуэхэр артистхэм ядэлэжьэну шынэрт.

«Сэ Винтур Аннэкъым къэзгъэлъэгъуар, - пэж шэкъэуэжыр Iэзэу трилъэщIащ Стрип Мэрил. - Сэ Аннэ хуэдэуи сыгубзыгъэкъым, абы хуэдэуи дахэу зысхуапэркъым. Си хьэлыр зытесщIыкIар унафэщIу сиIахэрщ, ахэр псори цIыхухъут».

ИтIани, фильмым и премьерэм ирихьэлIэу къыдагъэкIа «Вог» журналым и жинтым Винтур Аннэрэ Стрип Мэрилрэ зэбгъурысу тетхэщ, уеблэмэ лифтым итIысхьэн ипэкIэ, Винтур артисткэм и щхьэцыр къыхурифыщIыкI хуэдэу, гушыIэ теплъэгъуи тракащ.

Фильмым и лъабжьэм щIэлъ хъыбарым унафэщI щхьэзыфIэфI псори уигу къегъэкIыж. «Подиум» журналым и редактор нэхъыщхьэм и секретару ува Сакс Андреа (зыгъэзащIэр Хэтэуэй Эннщ) улахуэ зрат пщылI мэхъу, жэщ-махуэ сыхьэт 24-м и щхьэ Iуэху зэрихуэну Iэмал къыхуэмынэжу.

Пщэдджыжь къэс хъыджэбзым и Iэнэм къытридзэ кIагуэм деж щегъэжьауэ, пщэдей хуэдэм къыдэкIыну тхылъыр гуащэм и бынхэм нобэ къахуигъуэтын зэрыхуейм деж щиухыжу, унафэщI кIуэцIрыкъэм хъыджэбзыр гущIэгъуншэу ирeудых, ауэ модрейм и IэнатIэр игу пыкIыркъым. СытынкIи хъуну хъыджэбзым апхуэдэ псэукIэр къыщIыхихыр? Щыгъын ехьэжьахэр пщIэншэу къызэрыIэрыхьэми, нэхъ екIуу зихуапэу зэрыхъуами, къилэжь ахъшэми я Iэфыр щIех Андреа и унафэщIым цIыхугъэ зэрыдимылъагъум. «ЦIыхушхуэм псори къыхуэгъупхъэу» къалъытэ нэхъыбэм. Езыри зыкъомрэ абыхэм жаIэм ирегъэкIуэт. Мирандэ и хьэтырыр апхуэдизкIэ инщи, «дэтхэнэ хъыджэбзри зыщIэхъуэпс IэнатIэм» пэлъэщмэ, зы илъэс закъуэкIэ зыкъыIуримыгъэхумэ, тхакIуэ хъуным щIэхъуэпс Андреа и гъуэгу псори зэIукIынущ, зэхъуапсэ журналми къащтэнущ. АрщхьэкIэ игу тригъахуэр къыхуэнэм нэхърэ зэрынэхъыбэм гу лъитэн ипэкIэ, хъыджэбзым и ныбжьэгъури, и щIалэри, и адэанэм я арэзыныгъэри, и щIалэгъуэри IэщIокI. Андреа зыкъыщищIэ-жыр зыми щытхъу зи мыхьэл и унафэщIым: «СыщыщIэлам сызэрыщытам узогъэщхь», - къыжриIа нэужьщ.

Тхыльми абыкIэ ягъэува фильмми мыхьэнэ нэхъыщхьэу щIалъхьэр модэм и дуней щIэращIэм щекIуэкI гъащIэ гущIэгъуншэр наIуэ къызэращIырщ. ИкIэри ипэри щыгъынкъэ апхуэдиз гулъытэ зыгъуэтар? Абы мыхьэнэшхуэIуэ зэрыратыр тIуми я щIагъыбзэ хуэдэу щытщ. Псалъэхэр хэIэтыкIарэ пэт, рекламэншэ мыхъу къуэкIыпIэ щэнхабзэм и IэбэкIэми гу лъумытэну гугъущ. Яуб защIурэ, уи нэм езыхэм я псэукIэр къыщIаIу жыпIэмэ, ущыуэнукъым.

«Мыр зытеухуар цIыхур лэжьыгъэм зэрипIытIырщ, - жеIэ зи цIэр къытхуэмыгъуэта «юрист гуэрым». - Хъыджэбзыр и гуращэм кIэлъеIэ щхьэкIэ, и гум фIыуэ илъа псори щагъэгъупщэж къыхуагъэув Iэмалхэм. Ипэм деж Андреа гугъу йохь, ауэ абы и гур лэжьыгъэр къызэрехъулIэм, Мирандэ хуэдэ унафэщI ткIийр арэзы зэрищIыфым хегъахъуэ, уеблэмэ зыкъезыгъэщIэжыну хэт и ныбжьэгъухэр къефыгъуэу, зэрехъулIар ягу темыхуэу къыщохъу. АрщхьэкIэ редактор нэхъыщхьэм «сэ узэщхьщ» къыжриIа нэужь, абы цIыхугъэншагъэр гъащIэ хабзэу зыгъэува Мирандэ зэрыдэлэжьэфым и зэранкIэ, и насыпри, и напэри зэрыфIэкIуэдыр къыгуроIуэжри, «хъыджэбз псори зыщIэхъуэпс IэнатIэм» IуокIыж. ИпэжыпIэкIэ «зыужьыныгъэ» абы зыфIищар Мирандэ и дуней тетыкIэрт. Ар арэзы щIын хуей цIыху? Абы узыхишэ дунейр пэж? А упщIэхэр и пащхьэ къиува нэужь, Андреа жэщми махуэми къеуэ и телефоныр псым хедзэри мэтыншыж.

Фильмым и етIуанэ Iыхьэ къыдэкIагъащIэм Мирандэрэ Андреарэ аргуэру щызэIуощIэ. Иджы абыхэм я журналыр тхылъымпIэм къытехуэ тхыгъэхэм пщIэ щамыIэж зэманым кърагъэлыну къапэщылъщ.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, мы теплъэгъуэ мелуанырыбжэм и пщIэр зэкIуэлIэжыр роль нэхъыщхьитIыр зыгъэзащIэ артисткэхэр Iэзэу зэрыджэгурщ.

2012 гъэм хъыбар гъэщIэгъуэн къэIуауэ щытащ Стрип Мэрил адыгэ щылъху хуэдэу, зыгъэIуари езырауэ. Мыр зыми и фIэщ тщIыну дыхэткъым, уеблэмэ тфIэгъэщIэгъуэныщэуи щыткъым, ауэ къызэрекIуэкIар жытIэжынщ. Америкэм щыпсэу, Тыркум икIа дохутыр Оз Мехмет зэриIуэтэжымкIэ, езымрэ Стрипрэ «Америкэм и нэкIухэр» нэтыным зэгъусэу хэтати, абы щрагъэкIуэкIа ДНК къэпщытэныгъэм а тIури тырку сультIан Мэхьмуд ЕтIуанэм и сэрейм щаIыгъа хъыджэбз Айшэ къытехъукIауэ къахутащ. Ар Кавказым, Шэрджэс Хэкум ирашри сультIаным и хьэрэмым яшауэ арати, 1839 гъэм унафэр яхъуэжу хъыджэбзхэр сэрейм щIагъэкIыжа нэужь, Айшэ гъунэгъу мэжджытым и Iимамым дэкIуауэ щытащ. Мыр цIыхухэр ягъэдыхьэшхын папщIэ къагупсыса, хьэмэ нэтыным и пщIэм зрагъэIэтыну хуейуэ зэхалъхьа шыпсэ? Зи фIэщ хъум къэхутэныгъэм пищэну хуитщ. Ауэ Стрип Мэрил пщIэ зыхуэфащэ бзылъхугъэу зэрыщытым и щыхьэт куэд жылагъуэ хъыбархэм къыхохуэ, езыри америкэн цIыхубэм фIыуэ ялъагъу, Палестинэм къыщхьэщыжхэм язщ.

Зи гугъу тщIы фильмым гу лъыттэн хуей щIэхъуа щхьэусыгъуэми дынэсащ. Андреа и ролыр зыгъэзащIэ Хэтэуэй Энн интервью гуэр итрэ пэт, «Тхьэм жиIэмэ, сэ гъащIэ кIыхь, гъащIэ дахэ къэзгъэщIэну си мурадщ» жиIа хъуащ. «Тхьэм жиIэмэ» псалъэхэр инджылызыбзэм зэрыхэувар «Инша Аллахь» жыIэкIэмкIэти, актрисэр фIыуэ зылъагъу муслъымэнхэм ар гулъытэншэу къагъэнэфакъым, уеблэмэ КъурIэныр тыгъэу зэрыратам и хъыбари интернетым къыщывгъуэтынущ.

Къэбэрдей-Балъкъэрми «Кинематографистхэм я союз» диIэу жаIэ. Ауэ дэнэ щыIэ дэ ттеухуа фильмхэр? Ди сценэхэм зыкъыщытцIыхужу, ди хьэл мыгъуэхэр зыхэдныным дыхуэзыунэтIыну теплъэгъуэхэм дащыIуплъэну зэман дэри къытхуихуэну пIэрэ?!

Интернетым сабийхэр щахъумэ

КIуэ пэтми хамэ къэрал нэхъыбэм сабийхэр интернетым пэIэщIэ ящI. Апхуэдэ унафэ къыщащтащ Тыркум, Норвегием, Австралием. Алыджыр, Испаниер, Инджылызыр а гъуэгу дыдэм тетщ, ныбжьыщIэхэр интернетым щызекIуэ мыхъумыщIагъэхэм зэрыщахъумэну хабзэхэр хуэмурэ яубзыху.

Тыркум интернетыр илъэс 15 иримыкъуа сабийхэм къыщагъэщхьэпэну хуиткъым. Унафэр къэралым и Хасэшхуэм къиштакIэщ. Интернет хэщIапIэхэм къалэн щащI ахэр зи ныбжь иримыкъуа сабийхэм къамыгъэсэбэпыфын хуэдэу, имыхьэфу ящIыну. КъинэмыщIауэ, интернет хэщIапIэ къэс «адэ-анэ кIэлъыплъыныгъэ» жыхуаIэ программэхэр трагъэувэн хуейщ. Сабийхэр щыджэгу платформэхэм къалэн щащIащ махуэ къэс ахэр къэзыгъэщхьэпэ цIыху 100000-р хэт хъунуми зрагъэщIэну.

Австралиер сабийхэр интернетым имыгъэхьэнымкIэ хабзэ нэхъ ткIий щызекIуэ къэралхэм хохьэ. 2024 гъэм дуней псом япэ дыдэ мы къэралым унафэ къыщыдагъэкIащ илъэс 16 иримыкъуахэр хъыбарегъэщIапIэхэм ихьэну хуимыту. НыбжьыщIэхэр зэрыхьэ мыхъунухэм «Тик-ток»-мрэ «Ютуб»-мрэ яхэтщ. Ауэ, псалъэм папщIэ, «Стим» жыхуаIэ джэгупIэ тыкуэныр сыт хуэдэ ныбжьми къагъэщхьэпэну хуитщ.

Сабийхэр интернетым щыхъумэн хуейуэ зыгъэув хабзэубзыху IэнатIэхэмрэ тепщэгъуэмрэ тегъэщIапIэу ящIыр зыщ: апхуэдэ щIыкIэу цIыкIухэм зэран къахуэхъуну хэщIапIэхэм зэман нэхъ мащIэ щрахьэкIмэ, узыхуэмейуэ къапэщIэхуэнури нэхъ мащIэщ.

Зи ныбжь нэмысахэр интернетым щыхъумэнымкIэ жэуап зыхьыр адэ-анэхэракъым, атIэ езы хэщIапIэхэр зи IэмыщIэ илъхэрщ. Тезырыр доллар мелуан 35-м фIокI. 2025 гъэм къару зыгъуэта хабзэм ипкъ иткIэ, зы мазэ закъуэм къриубыдэу, цIыху мелуани 4,7-рэ интернет хэщIапIэхэм пэIэщIэ щащIащ Австралием. Ауэ щыхъукIэ, илъэси 8 - 15 ныбжьым иту къэралым щыпсэур мелуани 2,15-рэщ.

Франджым ныбжьыщIэхэм папщIэ къыдигъэкIа интернет хабзэмкIэ, ахэр адэ-анэхэм ямыщIэу хъыбарегъэщIапIэхэм исыну хуиткъым. Иджыпсту франджы парламентым хабзэ щагъэхьэзыр, Австралием ещхьу, илъэс 15 иримыкъуахэм интернет аккаунт зэрагъэпэщыну хуимыту. Ауэ франджы хабзэубзыхухэм я тегъэщIапIэр нэгъуэщIщ. Интернетым сабийхэр щагъэкIуэдым и мызакъуэу, щыдакъузэ, щагъэпуд. Абы имыхьэфмэ, цIыкIухэр нэхъыфIу еджэнущ, уеблэмэ я Iэр зыхуамышииж тхылъхэм еджэн щIадзэжынущ, е, нэгъуэщI мыхъуми, жэщым жеинухэщ.

Латин Америкэм къэрал нэхъ ину итхэм яз **Бразилием** интернетым ихьэ мыхъуну сабийхэм я ныбжьыр 16-м деж къыщегъэувыIэ. **Китайм** апхуэдэ хабзэ зэкIэ щызекIуэркъым, ауэ сабийхэм интернетым щащIэ псоми хабзэхъумэхэр егъэлеяуэ ткIийуэ кIэлъоплъ, шэч къызытрахьэ хэщIапIэхэр зэхуащIыж. **США-ми** апхуэдэ хабзэ щызекIуэркъым, ауэ штат щхьэхуэхэм адрейхэм ятемыхуэу унафэ къыдагъэкIыну хуитщ. Зи гугъу тщIы хабзэм хуэдэ **Япониеm** 2027 гъэм ирихьэлIэу къиштэну и мурадщ. НыбжьыщIэхэр интернетым щыхъумэным хуэгъэза хабзэ псоми я щхьэусыгъуэр зыщ: зи ныбжь нэмысахэм уакIэлъымыплъмэ, ар щхьэрыуапIэ яхуэхъункIэ зэрышынагъуэрщ.

Интернетым нэхъ ткIийуэ хущыт къэралхэм язщ **Норвегиери**. Мыбы илъэс 13 иримыкъуа сабийхэм хъыбарегъэщIапIэхэр къыщагъэщхьэпэну хуиткъым. Илъэсыр имыух щIыкIэ, сабийхэр интернетым изымыгъэхьэххэ хабзэ къыщыдагъэкIыну я мурадщ Норвегием.

«Сабийхэм сабиигъуэ еттыжын папщIэщ апхуэдэу щIэтщIыр. Ныбжьэгъугъэмрэ зэхущытыкIэ дахэм зыщиужь гъащIэмрэ сабийхэм яIэрыгъэхьэжауэ, ахэр бжыгъэр зи тегъэщIапIэ дунейм къегъэлын хуейщ», - жызыIэ Норвегием и премьер-министр Гар Стёре Йонас мызахуэу пхужыIэнукъым.

IэщIагъэмрэ цIыхугъэмрэ зэгъусэу

Бэлагъы Залинэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым медицинэмкIэ и факультетым стоматологием щыхуеджащ. СтоматологиемкIэ, жьэпхъэбгъумрэ нэкIумкIэ хирургием и институтым егъэджакIуэу, «Симед» клиникэм ортопедгнатологыу щолажьэ. Залинэ IэщIагъэм езым къыхихауэ жыпIэ хъунущ. Абы щыхьэт тохъуэ медицинэм, щIэныгъэм, щIэблэр егъэджэным теухуа и гупсысэхэр...

- Залинэ, узэрысабийрэ уехъуапсэрэт дохутыр ухъуну?

- Школым сыщыщIэсым сщIэрт, ар къэзухмэ, дохутыру сызэреджэнур. Дзэм елэжьыныр къыщIыхэсхами щхьэусыгъуэ иIэщ. 7 - 8-нэ классхэм сыщеджэу, махуэ гуэрым си дзэр къызэузырти, си анэм дохутырым и деж сишащ. Егъэлеяуэ игъэузат си дзэм къеплъам. Апхуэдизу сигъэгуауэщхьэуати, къеплъа мыхъумэ, езмыгъэIэзэу сыкъыщIэкIыжат. Абы и ужькIэ, нэгъуэщI дохутыр и деж сашащ. Къызэреплъаи, зэрелэжьаи къэзмыщIэу къеIэзат си дзэ узым. А дохутырыр зэрыIэпэ щабэм апхуэдизу сигъэтыншати, дзэ дохутыр сыхъуну си гум ислъхьауэ сыкъыщIэкIыжат.

Университетым сыщIэтIысхьа нэужь, кIуэ пэтми щIэныгъэм сыдихьэхыу, еджэным сызыIэпишэу згъэкIуащ студентыгъуэр. Зэкурсэгъухэр дызэпеуэрт хэт нэхъыфIу дерсым жэуап щимытрэ, хэт нэхъыбэ балл зэхуимыхьэсрэ жытIэу, стипендие къызэрытхьынуми дыхущIэкъурт.

Дыщеджэм практикэ дагъэкIуащ мызэ-мытIэу. Япэ дыдэу цIыкIухэм я дзэм зэрелэжьым дыкIэлъагъэплъати, къызгурыIуащ, сабий дохутыр сызэрымыхъунур.

Стоматологиер езыр Iыхьэ куэду зэщхьэщокIыж: дзэр Iулъхьэныр (ортопедие), дзэр дыжыныр (терапевт), сабий, балигъ дзэ дохутыр, дзэр захуэ щIыжыныр (ортодонт), хирургиер. Ахэр псори сфIэфIу щызджащ университетым, ауэ срилэжьэну сыхуейуэ къахэсхар ортопедиерщ. Къэзухри, ординатурэм ортопедием сыщыхуеджащ. Илъэситхукiэ практикэ сыщыIащ, конференцэхэм сыкIуащ.

- Ортопедием студентхэр хубогъаджэ...

- Ординатурэм практикэ сыщыIэт. Сезыгъэджар телефонкIэ къызэпсэлъащ, «IэнатIэ гуэр щыIэщ, уэ улэжьэфынущи, къакIуэ», жиIэри. Апхуэдэ щIыкIэкIэ сыщеджам щезгъэджэну згъэзэжащ. СтоматологиемкIэ, жьэпхъэбгъумрэ нэкIумкIэ хирургием и институтым студентхэр ортопедием щыхузогъаджэ.

Дохутыру улажьэу икIи а IэщIагъэмкIэ уегъэджакIуэмэ, лэжьыгъэр щIэщыгъуэ зэрыхъум къыдэкIуэу, зы IэнатIэр адрейм сэбэп хуэхъужурэ, уи щIэныгъэм нэхъри къыхохъуэ. АпщIондэхункIи цIыхухэм сэбэп уахуэхъуну Iэмал нэхъыбэ къызыкъубохыф. Ди институтым щIэныгъэ къэпщытэныгъэ куэд щыдогъэкIуэкI. Илъэс зыбжанэ ипэ, студентхэр ди гъусэу дыхыхьащ проектхэр гъэхьэзырынымкIэ федеральнэ программэм (ФИПС). КIэух зэпеуэм дыкIуэцIрыкIат си студентымрэ сэрэ. Дзэм хаIуантIэ имплантыр лъапIэщ мы зэманым, цIыху псоми зэхуэдэу Iэмал яIэкъым ар храгъэIуэнтIэну. Арати, дэ къэдгупсысащ «имплантант» жыхуиIэр. Ар имплантым нэхърэ куэдкIэ нэхъ пудынут, ебгъэщIынми сом мин зыбжанэ текIуэдэну арат. Ди лэжьыгъэм къыщытхъуащ зэпеуэр къэзыпщытахэр. Ауэ, кIэух Iыхьэм дынэса пэтми, ди проектым мыхьэнэшхуэ зэриIэр, ауэ ар къызэбгъэпэщыныр егъэлеяуэ гугъу зэрыхъунур жаIэри, ахъшэ саугъэтыр къэзыхьахэм дахэхуакъым.

- Иджырей студентхэр еджэным нэхъ дегъэхьэхынымкIэ Iэмалхэр щыIэ?

- Апхуэдэ Iэмалхэр куэд мэхъу. Псалъэм и хьэтыркIэ, ди къудамэм ахъшэ ирату щеджэхэм ящыщу семестрыр тхурэ плIыкIэ зэхуэзыщIхэм еджапщIэу ят ахъшэм и процент 20 - 25-р университетым яхует.

- ЩIэныгъэм хуэпабгъэхэр фи куэд?

- Студент куэд диIэщ «мыр сыту дохутырыфI хъуну!» яхужытIэрэ дащыгуфIыкIыу. Ауэ, икъукIэ си жагъуэщ «ди анэр хуейти, сыкъыщIэтIысхьащ» жызыIэхэр, куэд мыхъуми, къащыхэкIкIэ. Езы ныбжьыщIэхэм зыхуей IэщIагъэр къыхегъэхын хуейщ, Iэмал имыIэу. Медицинэр къызыхухахам срикуратормэ, сэ абы и IэщIагъэмкIэ, и щIэныгъэмкIэ, уеблэмэ и гъащIэр къызэрекIуэкIынкIэ хъунумкIэ жэуап сохь. Япэ курсым щIэс зы щIалэ фокIадэ мазэм хъарзынэу къекIуэлIащ. Жэпуэгъуэм щIидзащ дерсхэр дигъэхуу, ауэрэ къэмыкIуэ хъуащ. И анэм телефонкIэ зыкъыспещIэ «еджапIэ мыкIуэу къытщохъу, экзаменхэмкIэ щIыхуэ телъу къыджаIащ, зыгуэр къытщебзыщI», жеIэри. ЩIалэр къызоджэ, хуэму къызогъажьэри, сопсалъэ, сэ имыбзыщIIауэ къызжиIэ зэрыхъунур къыгурызогъаIуэ. Езыми и дзыхь къызегъэз. «Сыхуейкъым седжэну, мыр къысхухаха IэщIагъэщ, - жи, - ауэ си анэр апхуэдэу щыхуейкIэ, щIэскъуэзэжынщи, седжэнщ», - жеIэри сыкъегъэгугъэ. И анэр къыщыпсалъэкIэ сэри Iуэхур зытетыр гурызгъэIуэн си гугъэу, «щIалэр инженер, политик, ухуакIуэ лъэщ хъунуми пщIэртэкъым, зыхуейм хуебгъэджатэмэ, и зэфIэкI еплъыжыну Iэмал ептатэмэ...» - жызоIэ, зэремыджэм щхьэкIэ емышхыдэну солъэIу. Телефоныр тетлъхьэжын щыхъум, цIыхубзыр аргуэру къызоупщI: «ЗыгуэркIэ, мы къудамэм къыщIагъэкIмэ, «лечебное дело» къудамэм тхуетыжыну пIэрэ и дэфтэрхэр...» жи. Мис апхуэдэ Iуэхугъуэхэм гугъу ящI ди лэжьыгъэр.

- Дзэм теухуауэ цIыхухэр нэхъыбэрэ зыгъэгузавэр сыт?

- Дзэм дищIэ мывэр «минерелизацэ» жыхуэтIэм пхокIри, хуабжьу быдэ мэхъу. Мис абы дзэр ишхыу щIедзэри, Iисраф ещI. Дзэр гъуанэ хъуа нэужь, псы щIыIэ уефэми, IэфIыкIэ пшхыми, уегъэгуауэщхьэуэ, псантхуэм лъэIэсурэ. Мис ар хэбгъэтIасэмэ, умыдыжыфын хуэдиз мэхъури, дзэр Iупчын нэмыщI Iэмал щыIэжкъым. Дзэр гъэкъэбзэным цIыхухэр егугъуну яжесIэнт.

- Ортопедием нэмыщI гнатологиеми епхащ уи лэжьыгъэр...

- Ортопедиер зыкъомкIэ къахутащ, абы къуит Iэмалхэр куэдщ. Нэхъ гугъур гнатологиерщ. ЦIыхум и жьэпкъыр щIыщIэпкIэм и щхьэусыгъуэхэр зыхуэдэр къэхутэным нэхъ епхащ ар. АтIэ а гнатологиер апхуэдизкIэ гугъущ, куущ, джын хуейуэ куэд хэтщи, иджыри къэхутэн хуейхэр и мащIэкъым.

- Дохутыр IэщIагъэм къалэн гугъухэр къыпщещI. Абыхэм нэхъыщхьэу къахэбгъэщхьэхукIIарэ?

- Дохутыр IэщIагъэр къыщыхэпхам деж ахъшэ къэлэжьыным уегупсысыныр япэ ищынкIэ Iэмал иIэкъым. Ди институтым и унафэщI Мустафаев Магомед зэпымыууэ къыджеIэ: «Фэрэ дэрэ дыдохутырщ. Дэ Iуэхутхьэбзэ яхуэтщIэу аракъым цIыхухэм - тыкуэн дыщIэткъым хьэпшып тщэуэ - хьэуэ. Дэ ди къалэныр цIыхум сэбэп дахуэхъунырщ». Дызэрыстудентрэ Мустафаев Магомед философие гупсысэ куухэм дыщIегъэдэIу, сэ ахэр псори сфIэфIу зыхызолъхьэри, къызогъэсэбэп. ИпэжыпIэкIэ, «мис мыр къысхуэщIэ» жиIэу зы Iуэхугъуэ къыбжезыIэ сымаджэм а жиIэр армырауэ къыщIэкIынкIэ хъунущ узэIэзэн хуейр. Аращи, цIыхум къеузыр набдзэгубдзаплъэу къэпхутэн хуейщ, япэрауэ.

- ЩIэныгъэ IуэхукIэ Германием ущыIащ, сызэрыщыгъуазэмкIэ...

- Германием сыщыIащ къупщхьэ узым елэжьыным епха «оксиограф» медицинэ Iэмэпсымэм и IуэхукIэ. Абы зыщызгъэгъуэзащ, и пIалъэр зэзгъэщIащ. Дэ диIэщ оксиограф. Кавказ Ищхъэрэ псом къокIри, ди институтым къокIуэ а медицинэ IэмэпсымэмкIэ дызрагъэплъын папщIэ. Жьэпкъыр щыщIэпкIым деж, абы щхьэусыгъуэ хуэхъункIэ хъунухэр а Iэмэпсымэм дегъэлъагъу. Абы тIэкIу ещхьу щыIэщ Москва щыщ щIэныгъэлI-ортопед Рощиным къигупсысауэ. Абыи дуней псом щролажьэ дохутырхэр. Дэри ар институтым къыщыдогъэсэбэп. Ауэ абы урилэжьэну нэхъ гугъущ, сыту жыпIэмэ, къигъэлъэгъуам езы дохутырыр къеджэжу зэпкърихыжын хуейщ. Германием я Iэмэпсымэр нэхъ къэгъэсэбэпыгъуафIэщ, студентхэм я дежкIэ нэхъ тыншщ. БжыгъэхэмкIэ узым и щхьэусыгъуэр езым къегъэлъагъуэ, ущыуэнкIи хъунукъым укъыщеджэжкIи. Къапщтэмэ, ди зэманым дунейр куэдкIэ тенщIыхьа хъуащ бжыгъэ щIэныгъэм. Сэ илъэситху ипэ еджапIэр къэзухамэ, иджы сызэрылажьэр а сызэджам къызыхуэтыншэу техуэжыркъым. Сыту жыпIэмэ, медицинэ щIэныгъэм псынщIэу зеужь, щIэ къыхохьэ. Ди институтым щыIэщ бжыгъэхэм тет стоматологием хухэха пэшышхуэ. Абы щыхудогъаджэ зи гугъу сщIа гнатологиеми.

- Мыбыи сыщIэупщIэнут... Иужьу къэкI дзэ щхьэлыр Iуегъэчын хуей-хуэмейм теухуауэ жаIэр зэтехуэркъым. Iуегъэчын хуей?

- Студентхэм яжызоIэ дзэ иужь дыдэу къэкI дзэ щхьэлым теухуауэ: «ар цIыхум къыщыIукIэкIэ, нэхъри губзыгъэ ищIу аракъым. АтIэ а дзэр къыхэкIыным ипэ ин зэрыхъурщ щхьэусыгъуэр. Илъэс 18-м щегъэжьауэ 25-м пщIондэ къыхэкIыфынущ ар. Дзэр ин мэхъу, къыхэкIыфкъыми, захуэу дзэлым къыпхримытхъыу, мэгъуэлъ. Iушэу игъуэлъыкIа дзэ щхьэлыр абы къыбгъэдэт дзэми зэран хуохъу - екъуз, Iушэ ещI. Аращи, иужь дыдэу къыхэкI дзэ щхьэлыр нэхъ щIэхыу къыхэпхмэ нэхъыфIщ.

- IэщIагъэм епха уи мурадхэр сыт хуэдэ, Залинэ?

- Си IэщIагъэм сыхэзагъэу щIэздзауэ къысщыхъуу аращ, дапхуэдизу седжами. ЩIэныгъэм кIэи ухи зэримыIэр къызгуроIуэри, сызыхуэарэзыжкъым - адэкIи къэсщIэнIауэ, зыгуэрым зыхуэзгъэсэну сыхущIокъу. «СыткIэ цIыхухэм сэбэп сахуэхъуну, сыт хуэдэ IэмалкIэ сащхьэпэфыну я узыншагъэр ефIэкIуэным» жысIэу согупсыс зэпымыууэ. Аращи, щIэныгъэлIхэм ятхым соджэ, я зэхуэсхэм сыхэтщ.

Епсэлъар
ГУГЪУЭТ Заремэщ.

Щхьэм илъымрэ абы телъымрэ

Мэлыжьыхьым и 20-м Мэзкуу щекIуэкIащ уэгумрэ хьэуамрэ щызекIуэ Iэмэпсымэхэм я тхыдэм теухуа дунейпсо олимпиадэ. Авиацэмрэ хьэршым щылажьэ технологиехэмрэ я фондыр, Мэзкуу дэт техникэ къэрал университетыр, Урысей къэрал гуманитар университетыр, къинэмыщI еджапIэ цIэрыIуэхэр зэгухьэхэри, гъэ къэс илъэс 12 - 18-м ит ныбжьыщIэхэм папщIэ ирагъэкIуэкI, Можайский Александр и цIэр зезыхьэ, 23-нэ щIэныгъэ зэхьэзэхуэр зэхашащ. Апхуэдэ щыIэу къэтщIэхэнутэкъым, абы Карабулак дэт Япэ гимназием икIа Маматовэ ФатIимэ хэмытамэ.

ХЭЛЪЭТРЭ щIэныгъэкIэ адрейхэм къахэжаныкIа ныбжьыщIэхэр Мэзкуу щекIуэкIа кIэух зэпеуэм зэрынэсыфа къудейр щыхьэту пхурокъу ахэр я ныбжьэгъухэм фIыкIэ къазэрыхэщыр къыбгурыIуэн папщIэ. Гъэ еджэгъуэм и кIыхьагъым Урысейм и мызакъуэу, абы пэгъунэгъу къэралхэми къикIа сабийхэм я щIэныгъэр къыщагъэлъагъуэ мы олимпиадэм и Iыхьэхэм. КъэпщытакIуэхэри авиацэм щылъэрызехьэ цIыху цIэрыIуэхэщ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, дызытепсэлъыхь зэхьэзэхуэр зэрекIуэкIар къыдэзыгъэщIар абы щекIуэкIым зыкIи емыпхауэ, къэпщытакIуэхэм я зым къиIэта псалъэмакъ мыщхьэпэрщ. Зи гугъу тщIыр Сербием щыщ кхъухьлъатэзехуэ бзылъхугъэ Тонкович Радмилэщ. Интернетым уихьэмэ, а цIыхубзым ехъулIэныгъэ зэрикуэдыр, ахэр абы икIи зэрыхуэфащэр уи фIэщ зыщIын тхыгъи сурэт мымащIи къыщыбгъуэтынущ. Ауэ Мэзкуу щекIуэкIа ныбжьыщIэ олимпиадэм и жьантIэм дэс Тонкович игу щыхутегъэхуакъым Ингуш Республикэм икIа Маматовэ ФатIимэ IэлъэщI зэрытелъыр. Зи щхьэцыр щIэзыхъумэ пщащэмрэ ар кIэщIыбзэу щIезыгъащэ нанэ лъэрызехьэмрэ я гупсысэхэр зэтемыхуэнкIи зэрыхъунур гурыIуэгъуэщ. ЗыхапIыкIа дуней тетыкIэкIи, бзэкIи, ныбжькIи зэмыщхь цIыху куэд щызэрохьэлIэ апхуэдэ зэхьэзэхуэхэм. Уеблэмэ абыхэм мыхьэнэ нэхъыщхьэуи яIэр аращ - зэ IуплъэгъуэкIэ зэмыщхьу къыпфIэщI псоми я гум фIы зэрилъыр къагъэнэIуэныр. АрщхьэкIэ Тонкович кавказ пщащэм ущие кIыхькIэ зыкъыхуигъэзащ: «АвиацэмрэIэлъэщI лъабжьэм къыщIэплъ уи нэхэмрэ сыт зэрызэпхар? Фи къалэм уи закъуэ апхуэдэу дэтыр хьэмэрэ куэд фыхъурэ? А упщIэр щIостым и щхьэусыгъуэр бжесIэнщ. Дэ псоми лъэпкъ щыгъыныгъуэхэр диIэщ, дыкъызыхэкIам елъытауэ. Ахэр тщIыгъыу мыбы дыкъэкIуамэ, ар лъэпкъ дауэдапщэ хъуну арат, авиацэм зыкIи бгъэдэмыхьэу. Кхъухьлъатэ Iуэхухэм ахэр екIуркъым».

Кавказ гъэсэныгъэ зыхэлъ хъджэбз цIыкIур абы, дауи, пэпсэлъэжакъым. «ФIыщIэ пхузощI упщIэ къызэрзэптам папщIэ», - аращ пщащэм къжьэдэкIар.

Олимпиадэм къыщигъэлъэгъуа щIэныгъэм ипкъ иткIэ, Маматовэ ФатIимэ «Еплъахэм я нэфI зыщыхуа текIуэныгъэр» хуагъэфэщащ. Хъыджэбзым утыку ирихьа темэри гъэщIэгъуэнт: «Бзухэмрэ хьэпщхупщхэмрэ я лъэтэкIэр уэгум щылъатэ Iэмэпсымэхэр къагупсысыным щхьэпэ зэрыхуэхъуар». Зэпеуэм зыщигъэхьэзырым, ФатIимэ дэIэпыкъуащ гъэсакIуэ-унафэщI Ведзижевэ ФатIимэ. И республикэм щекIуэкIа Iыхьэм щыпхыкIа нэужьщ Маматовэр щраджар езым нэмыщI иджыри цIыхуи 154-рэ зыхэта зэхьэзэхуэшхуэм. Тонкович игъэукIыта щхьэкIэ, хъыджэбз цIыкIум и теплъэми, и гъэсэныгъэми, и щIэныгъэми иригушхуэу къыщIэкIащ ар зыпIа и Хэкур. И анэмрэ и егъэджакIуэмрэ я гъусэу, ФатIимэ Ингушым егъэджэныгъэмкIэ и министерствэм ирагъэблагъэри, министр Цроев Ахьмэд-Башир республикэм и пщIэр лъагэу зэриIэтам папщIэ, щIыхь тхылърэ тыгъэрэ кърищащ икIи къыщытхъуащ.

Кавказым икIахэм я текIуэныгъэ нэхъыщхьэр яхэлъ гъэсэныгъэрщ. Тонкович и лъэныкъуэр къэзыщтахэмрэ ФатIимэ къыщхьэщыжахэмрэ я еплъыкIэр интернетым къыщывгъуэтынущ. «Iэлъэщыр кхъухьлъатэкIэ къэплъэтыхьыным зэран хъурэ?» - жызыIам нэхърэ нэхъ губзыгъэ абыхэм къахэкIакъым.

Маматовэм и щIэныгъэм адэкIэ хегъахъуэ. Пщащэм иджы медицинэмкIэ дунейпсо олимпиадэм зыхуегъэхьэзыр.

ПIланэпэр зыгъэхьэзырар
ЧЭРИМ Мариаңнэщ.

ЩIэщыгъуэт икIи гухэхъуэт

КъБР-м и Музыкэ къэрал театрым мэлыжьыхьым и 30-м концерт гукъинэж щитащ Шэджэм щIыналъэм хыхьэ Нартан къуажэм цIыхубэ къафэхэмкIэ щапхъэу къалъыта, 2014 гъэм щыщIэдзауэ 2025 гъэ пщIондэ Кавказ къафэхэмкIэ Урысейм и чемпион, Гран-при саугъэтыр зыхуагъэфэща «Вагъуэ цIыкIухэр» сабий ансамблым (художественнэ унафэщIыр КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Къурашэ Эдуардщ). Ар къызэрагъэпэщащ Къафэм и дунейпсо махуэмрэ УФ-м и Президентым 2026 гъэр Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсу зэригъэувамрэ я щIыхькIэ. Пшыхьыр иригъэкIуэкIащ режиссёр Гумэ Маринэ.

МЭЛЫЖЬЫХЬЫМ и 29-м дэнэ щIыпIи щагъэлъапIэ Къафэм и дунейпсо махуэр. Хабзэ хъуауэ, «Вагъуэ цIыкIухэр» ансамблым КъБР-м и Музыкэ къэрал театрым а махуэм концерт щет. ЩIыналъэ, урысейпсо, дунейпсо зэхьэзэхуэхэм мызэ-мытIэу адрейхэм щефIэкIа, псапэ зыпылъ Iуэхухэмкlи жыджэр гупым игъэзэщIащ лъэпкъ къафэ лIэужьыгъуэхэр (уэркъ къафэ, удж хэш, удж пыху, зэныбжьэгъуищым я къафэ, убых лъапэрышэ, ислъэмей, нэгъуэщIхэри). Адыгэ къафэм и дахагъэр, и мыхьэнэр, абы лъэпкъым хуиIэ лъагъуныгъэр зыгъэлъагъуэ гупым и зэфIэкIымрэ Iэзагъэмрэ гъэ къэс зэрыхигъахъуэм гу лъыботэ. Дапщэщи щIэщыгъуэщ ансамблым и къэфакIуэхэу Хьэбылэ Иналрэ Машэжь Арадэрэ пасэрей адыгэ уэркъ къафэр Iэдэбу зэрагъэзащIэм, Бэрсэдж Идар сэшхуэхэр зэригъабзэм уеплъыну. Хъарзынэ Ислъам, Къуныжь Руслан, Бэрсэдж Идар сымэ зэныбжьэгъуищым я къафэр удихьэхыу къазэрехъулIэр-щэ?! Гупым хэт ныбжьыщIэхэр пшынэмрэ бэрэбанымрэ зэрыхуэIэзэр умыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым.

«Вагъуэ цIыкIухэм» пшыхьыр дагъэдэхащ я ныбжьэгъу, урысейпсо, дунейпсо зэпеуэхэм я лауреат, «Кавказым и гуп нэхъыфI - 2026» щIыхьыцIэр зыхуагъэфэща, Вахромеевэ Наталье зи художественнэ унафэщI, Прохладнэ къалэм щапхъэу къыщалъыта «Ассорти» къэфакIуэ ансамблым.

ЩIэщыгъуэт икIи гухэхъуэт, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я хабзэхэр, я хьэлщэныр зыхэплъагъуэ къафэхэм уакIэлъыплъыну, макъамэ гуакIуэхэм ущIэдэIуну, утыку итхэм я фащэхэм, зыIыгъыкIэм зэщхьу хэлъымрэ зэрызэщхьэщыкIымрэ зэбгъэпщэну. Лъэпкъ къафэхэм дихьэххэм пшыхьыр, дауи, нэгузыужь икIи гукъинэж ящыхъуащ.

Концертым зыкъригъэхьэлIат къафэм дихьэххэм, «Вагъуэ цIыкIухэр» ансамблыр фIыуэ зылъагъухэм, я зэфIэкIым иригушхуэхэм, зэгуэр мы гупым хэтахэм, я ныбжьэгъухэм, Iыхьлыхэм.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

ФымыцIыхухэм дзыхь яхуэвмыщI

КъБР-м щыIэ МВД-м щекIуэкIащ телефонымрэ интернетымрэ къагъэсэбэпурэ щIэпхъаджагъэ зезыхьэхэм зэрапэщIэтым, абы и лъэныкъуэкIэ ди щIыналъэм щызрагъэгъуэта ехъулIэныгъэхэм ятеухуа зэIущIэ.

ХЪЫБАРЕГЪАЩIЭ-коммуникацэ Iэмалхэр къагъэсэбэпкIэрэ хабзэншагъэ зылэжьхэм япэщIэтынымкIэ МВД-м и къудамэм и унафэщI Лавринович Рашид зэрыжиIамкIэ, абыхэм я къалэн нэхъыщхьэр цIыхухэр киберщIэпхъаджагъэм щыхъумэнырщ.

- ЕдгъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, щIэпхъаджащIэхэм нэхъ къахуэгъапцIэр щIэныгъэ зыбгъэдэмылъ, ахъшэ зехьэнымкIэ бжыгъэм зэрыхуагъэкIуар къызэхьэлъэкI, а Iэмалым и лэжьэкIэр къызыгурымыIуэ, интернетыр зыхуэмыгъэIэкIуэлъакIуэ цIыхухэрщ. Апхуэдэщ жыIэзыфIэщхэр, мыцIыхухэм зи дзыхь езыгъэзэхэр. Зи гугъу тщIы щIэпхъаджащIэхэм цIыхум и психологием фIыуэ хащIыкI, ахэр къызэрагъэдаIуэм хуэгъэсащи, IэщIагъэми щIэныгъэми мыхьэнэ имыIэжу, зэи зыхуумыгъэфэщахэри къыщагъэпцIэ щыIэщ. Абы къыхэкIыу, зы Iэмал закъуэкIэщ бзаджащIэхэм уазэрыпэщIэтыфынур - фымыцIыхукъэпсэлъарэ ахъшэ гугъу ищIмэ, телефоныр тефлъхьэ занщIэу. ЖиIэнур жевмыгъэIэ, фемыдаIуэ, фымыгъэпсалъэ. Фигу ивубыдэ: банкым и лэжьакIуэхэри хабзэхъумэхэри зэи телефонкIэ нэпсэлъэнукъым ахъшэ Iуэхум теухуауэ! - жиIащ Лавриновичым.

• ЗэIущIэхэр

Хъыбарегъащ Iэ-коммуникацэ Iэмалхэр къагъэсэбэпкIэрэ хабзэншагъэ зылэжьхэм япэщIэтынымкIэ МВД-м и къудамэм и лIыкIуэ КIуэкIуэ Руслан къыщыпсэлъам къыхигъэщащ бзаджащIэхэр дзэ Iуэху хэхам хэкIуэдахэм я унагъуэхэм ещакIуэу къызэраублар.

- ЩIэпхъаджащIэхэр дзэ Iуэху хэхам хэкIуэдахэм я унагъуэхэм щыщхэм я деж псалъэурэ, экстремист зэгухьэныгъэхэм мылъкукIэ ядэIэпыкъуу къахутауэ икIи абы къыхэкIыу уголовнэ Iуэху къыхузэIуахыну жраIэурэ, ягъэшынэ. Гуауэ зиIэхэр а псоми тэмэму егупсысыну, къыжраIэр пэжрэ пцIырэ зэхагъэкIыну апхуэдэ щытыкIэ иткъыми, дауи, къэбгъэпцIэну нэхъ тыншщ. Апхуэдэу, зи щхьэгъусэ, къуэ дзэ Iуэху хэхам хэкIуэдахэм кърата ахъшэр зэрыщыту бзаджащIэхэм ират, «лей къатемыхьэн» щхьэкIэ. Псалъэм папщIэ, «Госуслуги»-р къагъэсэбэпкIэрэ фызабэ гуэрым сом мелуан 13-м нэблагъэ IэщIагъэкIащ иджыблагъэ. Зыщывмыгъэгупщэ: «Госуслуги»-м щывиIэ напэкIуэцIыр, фэ нэмыщI, зэи зыми къыхузэIухыфынукъым икIи абы бзаджащIэхэр ихьауэ жаIэу зэи зыри фи деж нэпсэлъэнукъым, щIэпхъаджащIэхэм къиищынэмыщIа! - гу лъитащ КIуэкIуэм.

Следственэ управленэм и 2-нэ къудамэм и унафэщI Бакуев Мурат тепсэлъыхьащ интернет Iэмалхэр къагъэсэбэпкIэрэ хабзэншагъэ зылэжьхэм 2026 гъэм и япэ мазищым зэрапэщIэтамрэ абыкIэ зрагъэгъуэта ехъулIэныгъэхэмрэ.

- 2025 гъэм и япэ мазищым егъапщэмэ, 2026 гъэм дызытепсэлъыхь щIэпхъаджагъэхэм хуэдэхэм процент 38,1-кIэ хэщIащ. Арами, дызэлэжьын щыIэщ. БзаджащIэхэм я лъагъуэм утеувэну гугъущ, абыхэм телефон номер нэпцI куэд зэрахьэ, ахъшэр здрагъэхь счет бжыгъэншэхэр яIэщи, зым икIыу адрейм ирагъэдзурэ зэIэпахри, иужькIэ къыпхуэгъуэтыжыркъым. ЦIыхухэм я ахъшэр зэрыIэщIагъэкIа Iэмалыр, ар зэрызэIэпаха лъагъуэр къытхуэхутэми, ди жагъуэ зэрыхъунщи, къытхуегъэгъэзэжынукъым, къаIэщIэтхыжыфынукъым, - жиIащ хабзэхъумэм.

ЗэIущIэм зэрыщыжаIамкIэ, мы унэтIыныгъэмкIэ щIэпхъаджагъэ зылэжьахэм я ныбжьыр илъэс 16 ирикъуамэ, УФ-м и хабзэм ткIийуэ тету жэуапым ирашэлIэнущ, балигъхэм хуэдэуи и унафэ ящIынущ. КъБР-м щыIэ МВД-м цIыхухэр къыхуреджэ набдзэгубдзаплъэу щытыну, ямыцIыхухэм дзыхь хуамыщIыну.

ФЫРЭ Анфисэ.

Руслан и текIуэныгъэмкIэ щIегъэбыдэ

Кавказ Ищхъэрэм тхэквондомкIэ (ВТФ, олимпиадэм хыхьэ лIэужьыгъуэмкIэ) пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтIауэ кадетхэм я зэхьэзэхуэ Налшык къалэм и «Гладиатор» спорт комплексым щекIуэкIащ. Хэгъэрейхэм нэмыщI, абы щызэпеуащ Ставрополь щIыналъэм, Къэрэшей-Шэрджэсым, Осетие Ищхъэрэ - Аланием, Ингушым, Дагъыстэным я спортсмену, щIалэхэри хъыджэбзхэри зэхэту, 200-м щIигъу, я ныбжькIэ илъэс 12 - 14 хъухэу.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и щIыхьыр иIэту зэхьэзэхуэм хэтащ Кэнжэ къуажэм дэт «Пять колец» спорт академием и гъэсэн, Налшык къалэм и 33-нэ школым и еджакIуэ Хьэщыкъуей Руслан икIи, ди гуапэ зэрыхъущи, килограмм 41-рэ зи хьэлъагъхэм я деж дыщэ медаль къыщихьащ.

ЩIалэщIэм зэIущIиплI зэхьэзэхуэм щригъэкIуэкIати, псоми щытекIуащ, абыхэм хухаха зэманхэр и кIэм нимыгъэсу. Руслан хигъэщIащ Дагъыстэным щыщ зы спортсменрэ Ингушым къикIауэ щIалищрэ.

Иджы екIуэкIа зэхьэзэхуэр къызэрыхахыу щытащ: абы къыщыхэжаныкIахэр хэтынущ УФ-м пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтIауэ мы гъэм мэкъуауэгъуэм аргуэру Налшык щызэхашэну зэпеуэм. Мазэ ипэкIэ Руслан Тыркум и Анадолэ къалэм щекIуэкIа дунейпсо зэIущIэм къыщихьа ещанэ увыпIэм Iэмал кърита а урысейпсо зэпеуэм и зэфIэкIхэр щигъэлъэгъуэну, ауэ иджырей ехъулIэныгъэмкIи ар щIигъэбыдащ.

Хьэщыкъуейм и тренерыр Унэжокъуэ Абдельджэбарщ.

КЪУЭЖЕЙ Iэдэм.

ХэщIыныгъэншэр зы закъуэщ

• Футбол

«Тэрчым» и закъуэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и мыгъэрей зэхьэзэхуэм и хьэрхуэрэгъу псоми щефIэкIыфар. Аращ турнир таблицэм бжьыпэр щызыIыгъри.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ щыпашэ «Тэрчым» къыпэув псори зэкIэ лъэныкъуэ ирегъэз. Тхьэмахуэ кIуам ар Псыкуэди гугъу щехьыщакъым икIи хэгъэрейхэр бжыгъэшхуэкIэ ирагъэкIуэтащ.

Тхьэмахуэ ипэкIэ Джылахъстэнейм къыщызэтрагъэувыIа «Логоваз»-ми «Тэрчым» и очко бжыгъэм хуэдиз иIэщ. АрщхьэкIэ бабугентдэсхэм зы джэгугъуэкIэ нэхъыбэ ирагъэкIуэкIащ. Накъыгъэм и 3-ми ахэр ерагъкIэ текIуэфауэ аращ псоми къыхагъащIэ «7 Вершин-Шалушка»-м. 32-нэ дакъикъэм щхьэлыкъуэдэс Джыназ Ислъам бжыгъэр къыщызэIуихащ Къэщхъэтау щыIа зэIущIэм. АрщхьэкIэ загъэпсэхуу къихьэжа иужькIэ джэгум зихъуэжащ. ЯпэщIыкIэ, 59-нэ дакъикъэм, Мокаев Таулан бжыгъэр зэхуэдэ ищIыжащ икIи Iуэхур зэрытемыгъэкIуэным хуэкIуэрт. ЗэпэщIэтыныгъэ гуащIэр щиух дыдэм хьэщIэхэр къэдзыхащ. 88-нэ дакъикъэм абыхэм къызэтрагъэувыIэфакъым къыхэзыгъэщIа топыр къахудэзыгъэкIа Глашев Алим. Апхуэдэ щIыкIэкIэ «Логоваз»-р текIуэри, зэхьэзэхуэм бжьыпэр щызыIыгъым бгъурыуващ. «7 Вершин-Шалушка»-м и дежкIэ ар ирагъэкIуэкIа джэгугъуитхуми я етхуанэ къыхэгъэщIэныгъэщ.

Нэхъ щIагъуэкъым Шэджэм и «Черкес»-ри. Абыи джэгугъуитхури я хьэрхуэрэгъухэм иригъэхьащ. Иужьу ар къыщыхъуащ Балъкъ Iуфэ.

Я стадионхэм щыджэгуа пэтми я хьэрхуэрэгъухэр хэпщIыкIыу къащефIэкIащ Яныкъуейрэ Аргуданрэ я командэхэм. Япэм, пэщIэдзэ джэгугъуэхэм зыри къыщытемыкIуами, топибл къыхудигъэкIащ «Спартак-Налшыкым» и щIалэгъуалэ гупым. ЕтIуанэм я гъунэгъу урыхудэсхэр къыщысхьакъым.

Топ ебланэр я хьэрхуэрэгъухэм яхудигъэкIри, гъуащхьауэхэм я зэпеуэм бжьыпэр щиубыдащ «Логоваз»-м и пашэ Мокаев Таулан. Ар зы мащIэкIэ япэ ищащ зи яужь зэIущIэр ягъэIэпхъуа «Ислъэмейм» щыджэгу Умар Азэмэт.

АдэкIэ щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ 2026 гъэм и гъэмахуэ зэхьэзэхуэм и зи чэзу зэIущIэхэм къарикIуа бжыгъэхэм. *Мис ахэр:* «**Малка**» (Малкэ) - «**Черкес**» (Шэджэм) - **6**:**1**, «**Яникой-1961**» (Яныкъуей) - «**Спартак-Д» (Налшык)** - **1**:**7**, «**Логоваз**» (Бабугент) - «**7 Вершин-Шалушка**» (Щхьэлыкъуэ) - **2**:**1**, «**Бедик**» (Аргудан) - «**Урыху**» (Урыху) - **1**:**4**, «**Псыкуэд-Марвил**» (Псыкуэд) - «**Тэрч**» (Тэрч) - **1**:**4**.

«Искра» (Алътуд) - «Ислъэмей» (Ислъэмей) зэIущIэр ягъэIэпхъуащ.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр дызыхуэкIуэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зэхэтынущ. А махуэхэм зэхуэзэн хуейщ: *накъыгъэм и 9-м* - «Малка» - «Яникой-1961»; *накъыгъэм и 10-м* - «Черкес» - «Урыху», Тэрч» - «Бедик», «7 Вершин-Шалушка» - «Псыкуэд-Марвил», «Спартак-Д» - «Искра», «Ислъэмей» - «Логоваз» «командэхэр.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм 2026 гъэм гъэмахуэ зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. **«Тэрч»**	**4**	**4**	**0**	**0**	**15-4**	**12**
2. **«Логоваз»**	**5**	**4**	**0**	**1**	**16-8**	**12**
3. **«Спартак-Д»**	**4**	**3**	**1**	**0**	**21-5**	**10**
4. «Малка»	4	3	0	1	15-6	9
5. «Урыху»	5	3	0	2	17-11	9
6. «Яникой-1961»	4	2	1	1	10-12	7
7. «Искра»	4	2	0	2	13-8	6
8. «Псыкуэд-Марвил»	5	2	0	3	9-20	6
9. «Ислъэмей»	4	1	2	1	9-7	5
10. «Бедик»	5	1	0	4	8-18	3
11. **«Черкес»**	**5**	**0**	**0**	**5**	**6-23**	**0**
12. **«7 Вершин-Шалушка»**	**5**	**0**	**0**	**5**	**5-22**	**0**

• Зэпеуэхэр

Iулъхьэм пэщIэту

«ЗэщIыгъуу Iулъхьэм дыпэщIэвгъэт!» дунейпсо щIалэгъуалэ зэпеуэм щIидзащ. Ар хуэгъэпсащ зэгъусэу Iулъхьэм пэщIэтыным, мы унэтIыныгъэр къагъэсэбэпурэ ныбжьыщIэ зэчиифIэхэр зэрыгъэцIыхуным, утыку къишэным.

ЛЭЖЬЫГЪЭХЭР 2026 гъэм и жэпуэгъуэм и 1 пщIондэ къат хъунущ.

Зэпеуэм хэтыну ирагъэблагъэ зи ныбжьыр илъэси 10 - 25-м итхэр. Ахэр гупитIу ягуэшыжынущ: зи ныбжьыр илъэси 10 - 18, 18 - 25-рэ хъухэр хэту. НыбжьыщIэхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я зэфIэкIхэр къагъэлъэгъуэфынущ унэтIыныгъи 3-кIэ: «Плакат нэхъыфI дыдэ», «Сурэт нэхъыфI дыдэ», «Видеотеплъэгъуэ нэхъыфI дыдэ».

Нэхъыбэ къэфщIэну фыхуеймэ, https://anticorruption.life/ напэкIуэцIым фиплъэ. Абы щывгъуэтынущ зэпеуэм зэрыхэт хабзэмрэ тхылъхэр зэрагъэхь щIыкIэмрэ. Iуэлъхьэм пэщIэтыным и дунейпсо махуэм - дыгъэгъазэм и 9-м - зэпеуэм щытекIуахэр наIуэ къэхъунущ.

Саратов кIуэнухэр зэхагъэкI

Кавказ Ищхъэрэм дзюдомкIэ пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтIа зэхьэзэхуэ Ставрополь крайм и Невинномысск къалэм щекIуэкIащ. Абы щызэпеуащ спортсмену, щIалэхэри хъыджэбзхэри зэхэту, 284-рэ, я ныбжькIэ илъэс 15-м щIимыгъуауэ.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и щIыхьыр яIэту зэхьэзэхуэм бэнакIуэ 66-рэ щыIащ. Я хьэлъагъ елъытауэ зыхэта гупхэм япэ увыпIэхэр къыщахьащ Къуэн Темырлан (кг 38-рэ), Абазэ Самир (кг 46-рэ), Къэжэр Самир (кг 50), Къанкъул Алан (кг 60), Мисиров Мансур (кг 66-рэ) сымэ.

ЕтIуанэ хъуахэщ ХьэщIэдыгъу Сальдар (кг 38-рэ), Щокъуий Ренат (кг 46-рэ), Хъуран Iэсхьэд (60), Къунащ Дамир (кг 73-рэ), Къардэн Iэмин (кг 73-м щIигъухэм) сымэ.

Сыжажэ Мансур (кг 38-рэ), Геграев Исса (кг 55-рэ), Дадуев Iэмин (кг 60), Тагузлоевэ Данэ (кг 63-м щIигъухэм) сымэ ещанэ хъуащ.

Зэхьэзэхуэм япэ увыпIитIыр къыщызыхьахэм Iэмал ягъуэтащ УФ-м пашэныгъэр щыубыдыным хуэунэтIауэ мы гъэм накъыгъэм Саратов къалэм щызэхашэну зэпеуэм я зэфIэкIхэр щагъэлъэгъуэну.

Ди спортсменхэр ягъэсэ Емкъуж Рустам, Иванов Дмитрий, Апхудэ Анзор, Къуэшрокъуэ Астемыр, Джэданэ Залым, Таухэ Сэфарбийрэ Азэмэтрэ, Борыкъуей Юрэ, Джолабов Къайсын, Дзухэ Беслъэнрэ Залымрэ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Жьэкlэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, Ширдий Маринэ *(унафэщI-редактор)*, Къаншокъуэ Эллэ *(жэуап зыхь секретарь)*, Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариannэ, Щхьэщэмыщl Изэ.

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.266
Заказыр №904

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.)*, **Елмэс ФатIимэ** *(1, 2-нэ нап.)*.

КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Ныр Саидэ, Щомахуэ Мариannэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.